# O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW WA`ZİRLİGİ

O`zbekstan xalıq bilimlendiriw wa`zirligi
A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti 4-b topar pitkeriwshisi
Qayıpnazarova Sarbinazdın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**Teması**: XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları

**İlimiy basshı**: Ken`esbayAllambergenov,filologiya ilimlerinin` doktorı, professor, QR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı

No`kis - 2012

Jaqlawg`a ruxsat etildi:

Fakul`tet dekanı: dots. D.Paxratdinov

Kafedra baslıg`ı: dots. B.Da`wletov

İlimiy basshı: prof. K.Allambergenov

Qaraqalapaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti 4-b topar pitkeriwshisi Qayıpnazarova Sarbinazdın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı boyınsha

# MA`MLEKETİLİK ATTESTATSİYA KOMİSSİYASININ` QARARI

Qayıpnazarova Sarbinazdın` joqarıda atı atalg`an temadag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına «____» bahası qoyılsın.

MAK baslıg`ı: ________________________________________

MAK ag`zaları:________________________________________

No`kis - 2012

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV-b kurs talabası Qayıpnazarova Sarbinazdın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısının`

ANNOTATSİYASI

Pitkeriw qa`neigelik jumısımız qaraqalpaq dramaturgiyasının` og`ada bir a`hmiyetli ma`selelerinin` birine bag`ıshlang`an. Jumısta qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıw jolına tu`sip, en` bir kamalatqa jetken da`wirleri bolg`an XX a`sirdin` 60-90-jıllarına ken` tu`rde ilimiy-teoriyalıq, a`debiy-ko`rkem estetikalıq tallawlar islenip, usı da`wirlerdegi qaraqalpaq dramaturgiyasının` basıp o`tken jolları (evolyutsiyası), ondag`ı baslı tendentsiyalar menen ju`z bergen a`debiy-ma`deniy qubılıslar, olardın` o`zgeshelikleri, ko`rkemlik sıpatları anıq tariyxıy-a`debiy derekler mısalında ko`rsetip beriledi.

Jumıs Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`lken eki bapqa bo`lip u`yrenilgen.

Birinshi barpta qaraqalpaq dramaturgiyasının` 60-80-jıllardag`ı o`siwshiligi ulıwmalıq sholıw bag`darında talqılansa, ekinshi bapta 90-jıllardag`ı “a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyası milliy g`a`rezsizlik ideyaları ko`z-qarasınan jan`asha talqı islenedi.

Jumıs usınday jan`a ta`repleri menen qaraqalpaq dramaturgiyasın izertlew jumıslarına az da bolsa qosımsha bereri so`zsiz.

Pitkeriwshi: S.Qayıpnazarova

İlimiy basshı: prof. K.Allambergenov

# JOBASI:

I. Kirisiw

II. Birinshi bap
XX a`sirdin` 60-80-jıllarındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyasının` rawajlanıw jolları

III. Ekinshi bap
“a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq dramaturgiyasının` ideyalıq-ko`rkemlik o`zgeshelikleri (90-jıllar)

IV. Juwmaq
V. Paydalanılg`an a`debiyatlar

# KİRİSİW

Prezidentimiz İ.A.Karimov o`tkendegi milliy-ruwxıy ma`deniy miyraslarg`a u`lken a`hmiyet berip, olarg`a «ha`r qanday xalıq yaki millettin` ma`na`wiyatın, onın` tariyxı, o`zine ta`n u`rp-a`det ha`m da`stu`rleri, turmıslıq qa`driyatlarınan ayırıp ko`z aldımızg`a keltirip bolmaydı. Bunda ruwxıy miyras, ma`deniy baylıqlar, a`yyemgi tariyxıy estelikler en` a`hmiyetli faktorlardan biri bolıp xızmet etetug`ını ta`biyiy.»[1]

Mine, usınday a`hmiyettegi ruwxıy miyraslarımızdın` biri – XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı ko`rkemlik jaqtan og`ada qunlı, mazmunı ku`shli qaraqalpaq dramaturgiyası boldı.

Haqıyqatında da, XX a`sirdin` ekinshi yarımı qaraqalpaq dramaturgiyasının` barlıq janrlıq formalarda bayıp tolısıp joqarı ko`rkemlik sheklerdi iyelep o`z rawajlanıwının` joqarg`ı basqıshına jetisken da`wiri boldı. Bul da`wirge kelip dramaturgiya, birinshiden, saxnalıq professional sheberliklerge ken`nen erisken bolsa, ekinshiden, milliy original p`esalardı ko`plep saxnalastırıwg`a tiykarg`ı dıqqattı awdara basladı. Qala berdi, 60-90-jıllarda dramaturglerdin` qatarı P.Tilegenov, D.Aytmuratov, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Seytjanov, T.Qayıpbergenov, K.Raxmanov, Q.Ma`tmuratov, O.A`bdiraxmanov, M.Nızanov, S.Jumag`ulov, A.Sultanov sıyaqlı jan`a atlar menen tolısıp bayıdı. P.Tilegenovtın` «Ko`len`ke»(«Hujdan»), D.Aytmuratovtın` «Pirqaqqan», T.Jumamuratovtın` «Qızlar ha`zili», İ.Yusupovtın` «A`jiniyaz», K.Raxmanovtın` «Kelin», «O du`n`yag`a mirat», Q.Ma`tmuratovtın` «Bir u`yde eki o`mir», T.Qayıpbergenovtın` «Familiya» drama, komediya, tragediya, librettoları usı 60-90-jıllar dramaturgiyasının` en` jaqsı tuwındılarınan esaplanadı.

Haqıyqatında da**, 60-90**-jıllarda qaraqalpaq dramaturgiyası haqıyqıy professional`lıq da`rejege o`sip o`tti. Jazıwshı shayırlar arasınan dramaturgiya menen shıntlap shug`ıllanıwshı J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov, P.Tilegenov. D.Aytmuratov, K.Raxmanov sıyaqlı belgili dramaturglerdin` qatarına

---

[1] Karimov İ.A. Joqarı ma`na`wiyat – jen`islmes ku`sh. -Tashkent: «Ma`naviyat», 2008.-B.30.

O.A`bdiraxmanov, M.Nızanov, Q.Ma`tmuratov, S.Jumag`ulov sıyaqlı talantlı jaslar kelip qosıldı. Drama janrı qaraqalpaq a`debiyatında barlıq formalıq o`zgeshelikleri menen ko`rinis taba basladı.

Biraq biz «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» dep atalatug`ın bul pitkeriw qa`niygelik jumısımızda dramaturgiyamızdın` basıp o`tken tutas bir a`sirlik tariyxıy jolın talqılawdı maqset tutpadıq, tek g`a`rezsizik da`wirine deyingi dramaturgiya tariyxına qısqasha sholıw isledik. Ondag`ı maqset-g`a`rezsizlikke deyin dramaturgiyamız qanday jag`dayda edi, g`a`rezsizlik da`wirinde qanday boldı, g`a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyasının` sıpatlı belgileri nelerden ibarat degen sorawlarg`a juwap beriwimiz kerek edi.

Bul, a`lbette, dramaturgiyanın` o`tmishi menen bu`ginin salıstırıp izertlew kerek degen so`z.

Usı maqsetimizge erisiw ushın biz jumısımızdı to`mendegidey tiykarg`ı eki bapqa bo`lip u`yrendik:

1. XX a`sirdin` 60-80-jıllarındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyasının` rawajlanıw jolları

2. G`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq dramaturgiyasının` ideyalıq-ko`rkemlik o`zgeshilikleri (90-jıllar).

Jumıs bul baplardan tısqarı kiris, juwmaq bo`limler ha`m paydalang`an a`debiyatlardan ibarat .

Jumısımızdın` Kiris bo`liminde dramaturgiyamızdın` g`a`rezsizlik da`wirine deyingi tariyxına qısqasha sholıw islew menen birge, jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları belgilenedi, izertleniw da`rejesi, temanın` aktuallıg`ı, jan`alıg`ı, a`meliy qunlılıg`ı ma`seleleri so`z etiledi.

A`lbette, biz g`a`rezsizlikke deyingi dramaturgiya tariyxı boyınsha ko`p izertlewerge iyemiz. Atap aytsaq, T.Allanazarov, T.Bayandiev, B.Tursınov, A`.Nasrullaev, Q.Sultanov, S.Allayarovlardın` miynetlerinde dramaturgiyamızdın` ha`r qıylı mashqalaları so`z etiledi. Biraq, bul miynetlerde g`a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyası haqqında pikirler bildirilmegen. Bul jag`ınan bizin` jumısımız

sistemalı izertlewge bag`ıshlang`an birinshi arnawlı jumıs bolıp tabıladı. Jumısımızdın` qunlılıg`ı, jan`alıg`ı da, mine, usında.

Usı ta`repleri menen bul pitkeriw qa`nigelik jumısı a`meliyatta da u`lken a`hmiyet tutarı so`zsiz.

## II. Birinshi bap
## XX a`sirdin` 60-80-jıllarındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyasının` rawajlanıw jolları

60-80-jıllarda qaraqalpaq dramaturgiyası biz Kiris bo`limimizde atap o`tken joqarı sheklerdi birden iyelemegeni ta`biyiy. Bul da`wir dramaturgiyası o`z rawajlanıwının` derlik yarım a`sirge jaqın tariyxında ko`p g`ana tariyxıy, milliy-ruwxıy estetikalıq dereklerge tiykralanıp o`siw basqıshlarınan o`tti. A`sirese onın` rawajlanıwında dramaturgiyamızdın` usı da`wirlerdegi bay milliy estetikalıq ta`jriybesi tiykarg`ı ideyalıq-estetikalıq tu`rtkilerden boldı. 60-80-jıllar dramaturgiyası mine usı yarım a`sirlik tariyxqa iye dramturgiyamızdın` tikkeley jalg`ası ha`m nızamlı miyrasxorı sıpatında kelip shıqtı.

Haqıyqatında da, XX a`sirdin` 20-jıllarına shekem qaraqalpaq a`debiyatı lirikalıq, epikalıq poeziyadan ibarat bolıp keldi. Fol`klordın` prozalıq janr formaları an`ızlar, a`psanalar, ertekler, sheshenlik so`zler, ku`ldirgi so`zler, da`stanlardag`ı qara so`zler prozalıq formalar sıpatında qa`lipleskeni menen, realistlik prozanın` formaları – ko`rkem ocherk, gu`rrin` janrları usı 20-jıllardan baslap payda bola basladı. Drama janrının` ta`g`diri de prozanın` ta`g`dirindey edi.

Haqıyqıy dramalıq shıg`armalar XX a`sirdin` 20-jıllarına shekem qaraqalpaq a`debiyatında bolmadı. Biraq ha`rqanday a`debiyat xalıq awızeki a`debiyatınan o`sip jetisedi. Sebebi, ha`rqanday milliy a`debiy protsesstin` da`slepki derekleri jazba a`debiyatı rawajlanbasa da fol`klordan baslanadı. Al, qaraqalpaq xalqı tu`rkiy xalıqlardın` ishinde fol`klorlıq shıg`armalarg`a bay xalıq boldı. Dramalıq shıg`armalardın` da`slepki elementleri xalıqlıq fol`klorda orın aldı, al qaraqalpaq klassikalıq a`debiyatı dramalıq shıg`armalardın` tu`rlerine arnawlı iye bolmasa da, shayırlar aytısı menen da`stanlıq shıg`aramalarda onın` elementleri bay boldı. Ma`selen, ha`r qıylı xalıq oyınları, turmıs salt jırlarının` ko`p-ko`p tu`rleri, «Bet ashar», «Ha`wjar», qız-jigitler otırıspaları ha`m ondag`ı aytıslar ha`m t.b. lar. Onın` u`stine qon`sı tu`rkiy xalıqlardag`ı saxnalıq shıg`armalardın` payda bolıwı, bizde milliy ko`rkem a`debiyatta saxnalıq shıg`armalardın` o`sip jetisiwine

tiykarlar da tayarladı. Na`tiyjede 1920-jıllardın` ortalarında-aq qaraqalpaq a`debiyatında drama o`z aldına janr sıpatında payda boldı.

20-shı jıllardın` ortalarında drama janrı qaraqalpaq a`debiyatında ko`zge ko`rinerlik da`rejede qa`liplese basladı. Bul jan`a payda bolg`an dramalıq do`retpeler sovet hu`kimetinin` ta`sirinen payda bolg`an a`debiy jo`nelis emes edi. Mısalı, 1925-jıldın` o`zinde ele jan`a hu`kimet a`debiyatı payda bolmay atırg`anda, Q. A`wezovtın` «Tilek jolında» usag`an sol da`wir ushın jetilisken dramalıq shıg`arması jazıldı. Bul do`retpe qaraqalpaqlardın` ko`p a`sirlik a`debiyat maydanındag`ı da`stu`rlerinin` jemisi sıpatında o`sip shıqqan qubılıs edi, ol birinshi gezekte qaraqalpaq xalqının` XX a`sirge jetkendegi ko`rkemlik jaqtan rawajlanıwının` ko`rinisi esaplandı.

Bul jıllarda Q. A`wezov penen bir qatarda S. Ma`jitov, A`.O`tepovlar qaraqalpaq a`debiyatında da`slepki dramalıq shıg`armalardı do`retti. Q. A`wezov 1925-jılı «Tilek jolında» p`esasın jazdı. Onda qaraqalpaq miynetkeshlerinin` 1916-1917-jıllardag`ı patsha Rossiyasının` qoyg`an ha`kimlerine, jergilikli ha`meldarlarg`a, a`dalatsızlıqlarg`a qarsı gu`resleri ca`wlelendi.

S. Ma`jitov 20-jıllarda qaraqalpaq dramaturgiyası-nın` rawajlanıwına belgili da`rejede u`les qosqan jazıwshı boldı. Onın` «Ernazar alako`z» p`esasın (1926-jıl), «Sabaq» (1928-jıl), «Jigit boldıq», «Son`g`ı selten`» p`esaları qaraqalpaq dramaturgiyasının` rawajlanıwına a`dewir ta`sir jasag`an shıg`armalar edi.

Dramaturg S. Ma`jitov bulardan basqa «Bag`dagu`l», «Gu`lim-Tayman» atlı iri ko`lemli p`esalar da jazdı.

S. Ma`jitov «Bag`dagu`l» p`esasında Bag`dagu`l ha`m Xojan obrazları arqalı qaraqalpaq xalqının` o`z azatlıg`ı ushın mashaqatlı gu`resin tolıq su`wretleydi.

P`esa bes aktli, altı kartinalı, muzıkalıq drama. Drama qaraqalpaq xalqının` turmısındag`ı 1916-1919-jıllardag`ı baslı waqıyalardın` birin sa`wlelendiriwge bag`ıshlang`an.

Birinshi perde de jarlı Ma`tirzanın` turmısı ha`m onın` haq kewilli ulı Samekenin` minez-qulqı, adamgershgiligi su`wretlenedi. Ayıbı jarlılıq bolsa da Sa`meke a`dilsizlik ha`m adamdı xorlawg`a ko`ngisi kelmeydi. Sonın` ushında

qarındası Bag`dagu`ldin` ha`m jarlı jigit Xojannın` taza muhabbatının` ta`reptarı boladı. Sonday-aq shıg`armada Na`zigu`l, Sha`mshet bolıs, Aymereke, Qannazar obrazları sa`tli shıqqan.

S.Ma`jitovtın` «Gu`lim-Tayman» p`esası 4 perdeden ibarat bolıp, tragediya usılında jazılg`an. Birinshi perde de jarlı diyxan qızı Gu`lim menen jarlı jigit Taymannın` shın muhabbatı, bir-birin su`yiw, birge o`mir su`riw a`rmanları, Gu`limnin` a`kesinin` Tureke menen  qudalıg`ı, onın` o`z adamları arqalı jarlıg`a zorlıg`ı ha`m esawan balasına Gu`limdi ayttırıp bolıp haqıyqatında o`zi almaqshı bolg`an haramlıg`ı su`wretlenedi.

P`esanın`  bas qaharmanı Gu`lim muhabbattag`ı ha`m ja`miyettegi ten`sizlikke ko`ngisi kelmeydi. Su`ymegen adamg`a qosılıp, o`mir su`rgennen go`re, bir ku`n bolsa da su`ygenine qosılıp o`lip ketkenin artıq ko`redi. Bul a`rmanın iske asırıw ushın tuwısqan sin`lisi Ayımnın` ja`rdemi arqasında su`ygen jigiti Tayman menen toy qızg`an waqıtta qashıp ketedi. Bul jag`day neke qıydırar ma`ha`lde bilinip, toydın` izi topalan`g`a aylanadı. Jaylıbek bay bunday qorlıq ushın Turekeden o`sh alıp, kishkene qızı Ayımdı zorlıq penen alıp ketedi. Tureke bir qız ornına eki qızın da jog`altadı.

Tragediya baslanadı. Qızlardın` anası Anar qos qızın zamannın` qasqırlarına aldırıp zar qag`adı.

...Erkinlik jolındag`ı Taymang`a Jaylıbek bay kelip, bunday ko`rinisti o`zine xorlıq ko`rip, pıshaq urmaqshı boladı. Pıshaqtı Tayman zorlıq etip tartıp aladı.

Baydın` baqırg`an dawısına onın` adamı Berdi kelip, Taymang`a sırtınan pıshaq uradı. Tayman jıg`ıladı.

Tayman Gu`limnin` aldına og`an shın berilgenlik, haq kewilden su`yiwi menen muhabbat qurbanı boladı. Ol bug`an o`kinbeydi. «Men senin` ushın jan bersem, a`rmanım joq, senin` baxtın` ashılsın» deydi.

Gu`limde basqa ilaj qalmaydı. «Tek senin` tiriligin`, sag`an qosılıw u`miti menin` janımdı saqlap ju`rip edi. Sensiz bul jerdin` u`stinin` keregi joq, janın`nan jay ber»,- dep Taymannın` u`stindegi pıshaqtın` ush jag`ın ju`regine qaratıp, sog`an o`zin taslap bul da o`ledi.

Eki jastın` bir-birin su`yiw jolında tragediyalıq opat bolıwı u`mitsizlikti, zulımlıqtın` saltanatın ko`rsetpeydi, a`dilsizlik, adamgershilikti ayaq astına basıwshı sol waqıttag`ı ja`miyetlik du`zimge qattı narazılıq penen qarsılıqtı an`latadı.

«Gu`lim-Tayman» p`esası muhabbat temasına jazılg`an. Bul dramalıq shıg`arma qaraqalpaq xalqının` ma`deniyatı menen a`debiyatının` tariyxında belgili orın tutadı.

Jan`a tariyxıy-siyasiy, ma`deniy jag`daylar yag`nıy jan`a da`wirge ta`n jan`a mazmun a`debiyatqa az da bolsa jan`a forma engizdi. **1924**-jılı Q.A`wezovtın` «Tilek jolında» p`esası payda boldı. Bul **20**-jıllardag`ı sap proletar a`debiyatı ushın gu`reslerdin` na`tiyjeleri emes, al XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatının` nızamlı rawajlanıwının` jemisi edi. Bunda jazıwshı fol`klordag`ı dramalıq elementlerden sheber paydalanıp, **1916**-jılg`ı Esim bolıslıg`ındag`ı xalıq ko`terilisindegi waqıyalardı syujetlik tiykar etip alg`an jan`a realistlik drama do`retedi. Bul p`esa texnikumlardag`ı a`debiy do`gereklerde qoyıla basladı, son` bul drama «Tan` nurı» truppasının` baslı repertuarlarının` birine aylandı.

**1926**-jılı Seyfulg`a`bit Ma`jitov «Ernazar alako`z», **1928**-jılı «Sabaq», «Jigit boldıq», «Son`g`ı selten`» ha`m t. b. da dramalıq shıg`armalar jazdı. Bul daramalıq shıg`armalar **20**-jıllardın` ekinshi yarımınan baslap A`bdiraman O`tepov basqarıp ju`rgen «Tan` nurı» truppasının` repertuaralarına kirip, respublikanın` To`rtku`l, Shımbay, Qon`ırat, Xojeli ha`m t.b. rayonlarında talay ma`rtebe saxnalastırıldı. Bular keleshekte Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq a`debiyatında milliy dramaturgiyanın` rawajlanıwına tiykarlar tayarladı.

Bul jıllarda elde jan`a payda bolg`an tariyxıy jag`daylarg`a baylanıslı Oraylıq qalalardan To`rtku`lge, Qon`ıratqa, Shımbayg`a u`lken teatr akterları kelip, dramalıq krujoklarg`a basshılıq etti. Olar qaraqalpaq tamashago`ylerine orıs ha`m basqa da tuwısqan xalıqlar dramaturglerinin` shıg`armalarınan spektakller ko`rsetip turdı. Ja`ne de **1920-24**-jıllarda Qaraqalpaqstannın` bas qalası To`rtku`l u`lken ma`deniyat orayına aylandı. Usı jıllarda sho`lkemlesken orıs, o`zbek, tatar, qazaq kontsert brigadaları To`rtku`lge, Qon`ıratqa, Shımbayg`a, Xojelige kelip, xalıqqa

tamasha oyın-zawıqlar ko`rsetip turdı. A`sirese, xalıq da`slepki waqıtlarda qızıq kishkene spektakllerdi ko`rdi.

Solay etip, milliy a`debiyat bazasında jan`a baslanıp kiyatırg`an a`debiyattag`ı dramaturgiya janrı bul jıllardag`ı usınday eldegi payda bolıp atırg`an ob`ektiv sebepler na`tiyjesinde rawajlanıwın tawıp ketti.

Q.A`wezovtın` «Tilek jolında» p`esası **1925**-jılı jazılg`an. Avtor o`zinin` eske tu`siriwlerinin` birinde «men bul p`esamnın` birinshi variantın **1924**-jılı jazdım» dep ko`rsetedi. Bul rastan da qaraqalpaq a`debiyatındag`ı birinshi u`lken ha`m tabıslı jazılg`an dramalıq shıg`arma boldı. Bul a`debiyattag`ı jan`a tiptegi dramalıq shıg`armanın` tabıslı do`retiliwi ol jıllardag`ı jan`a hu`kimettin` ko`rkem a`debiyat tuwralı siyasatının` jemisi emes edi. Ol uzaq jıllar qaraqalpaq xalqının` o`zinin` ko`rkem a`debiyat tarawındag`ı izleniwleri ha`m ko`rkemlik rawajlanıwlarının` na`tiyjesi edi.

Dramalıq shıg`arma joq jerden payda bolg`an joq. Al, bul janrdın` bay ha`m ha`r qıylı tu`rlerinin` elementleri xalıq awız eki fol`klorında o`mir su`rip kelgen edi. Tek onı o`z aldına janr etip shıg`arıw ushın a`debiyatta izleniw kerek boldı. Bul janrdı birinshi ma`rtebe **20**-a`sirdin` **20**-jılları Q.A`wezov a`debiyat maydanına alıp shıqtı.

Dramag`a Q.A`wezov qaraqalpaqlar o`mirinde bolg`an **1916**-jıldag`ı Shımbay pristavının` patshalıq Rossiyanı qorg`aw ushın orıs german urısına Shımbay uezdinen adam alıwı (onı xalıqta ma`rdika`r dep ataydı), sol a`dalatsızlıqqa qarsı xalıq narazılıg`ı, ko`terilisi, yag`nıy bolg`an waqıya o`zek etip alınadı.

Shıg`arma da`slepten-aq tabıslı shıg`adı. To`rtku`lde, Qon`ırat qalasında bul dramalıq shıg`arma qoyılg`anda, sol jıllardın` o`zinde xalıqtan u`lken quwatlanıw tabadı. Sol sebepli bul dramalıq shıg`arma **20-30**-jıllarda qaraqalpaq a`debiyatında dramalıq shıg`armalardın` ja`ne jan`adan payda bolıwına tiykarlar tayarlaydı.

Dramada geypara qaharmanlardın` rolleri ju`da` jetilisken obraz da`rejesine jetedi. Ma`selen, **1916**-jılg`ı ko`terilistin` basshısı Sa`yeke roli spektakl` dawamında adamlardı qızıqtırg`an ha`m tan` qaldırg`an obrazlardan boladı. Qaraqalpaq a`debiyatı tariyxındag`ı geypara izertlewshilerdin` ko`rsetiwi boyınsha

bas roldi, Sa`yeke rolin da`slepki waqıtlarda avtordın` o`zi atqarıp ju`rdi dep te ko`rsetiledi.

A`.O`tepov **20**-jıllarda dramaturiya tarawındag`ı talantlı so`z sheberliginin` biri boldı. Joqarıda atap o`tkenimizdey, bul jıllarda Q.A`wezovtın` «Tilek jolında» p`esası (**1925-j**), S.Ma`jitovtın` «Ernazar Alako`z» (**1926-j**), «Sabaq» p`esaları (**1927-j**) a`debiyat maydanındag`ı ju`da` tabıslı jazılg`an dramalıq shıg`armalardan boldı. Q.A`wezov penen S.Ma`jitovtın` bul p`esaları Xojelide, Qon`ıratta bir neshshe ku`nlep qoyılıp, og`an xalıq ag`ılıp keledi.

A`.O`tepov Qon`ıratta jasag`an waqıtları bul eki p`esanı bir neshshe ma`rtebe saxnada ko`redi. Onda dramalıq shıg`armalar jazıwg`a ha`weslik payda boladı. Na`tiyjede To`rtku`lge kelgennen keyin, a`sirese «Tan` nurı» truppasında islegen jılları ol ju`da` ko`p bir aktli p`esalar, qısqa tamasha intsinirovkalar jazıw menen qatar u`lken ko`lemli «Ten`in tapqan qız» dramalıq shıg`armasın jazıwg`a qol uradı.

Bul p`esanın` da`slepki variantları sol «Tan` nurı» truppasında qoyılıp ju`redi. Son` jetilisken dramalıq shıg`armag`a aylanadı.

P`esa **40-50**-jıllarg`a shekem teatr saxnasınan tu`spey qoyılıp keldi. Dramada ladan Sha`leke bay o`z hayalının` u`stine ja`ne hayal almaqshı boladı. So`ytip, Sultamurat degennin` jas qızına jawshı jiberip ayttıradı. A`depki waqıtlarda qızdın` anası g`arrı adamg`a qızın beriwge qarsılıq qıladı. Son` ha`r qıylı waqıyalardan son` qayıl boladı. Bug`an qız da qattı qıylanadı. Qızdı zorlıq penen Sha`leke bay hayallıqqa aladı. Toy boladı. Toyda xalıq da`stu`rleri qızıqlı mu`ltiksiz beriledi. En` aqırında ol qız Sha`leke baydan qutılıp, o`zinin` jaqsı ko`retug`ın jigiti Sa`lmenge qosıladı.

Bul jıllarg`a A`.O`tepovtın` p`esalarında en` baslı na`rse **20-30**-jıllardag`ı xalıq turmısı, a`sirese ol jıllardag`ı jan`a hu`kimet siyasatındag`ı bılg`asıq, zorabanlıqlar jaqsı ko`rinisin tabadı. Ma`selen, dramalarda ba`rinen de burın baslı ma`sele elde ken`es hu`kimetin bekkemlew ushın ju`rgizilgen zorlıq gu`resler ko`rsetiledi. Biraq, adamlardın` psixologiyasında shın ma`nisinde zorlıq siyasattı qa`lemewshiliktin` sebebinen aytılg`an ma`selelerdin` durıs orınlanbawı, jan`a

siyasatqa qarsı eldin`, xalıqtın` psixologiyalıq gu`resleri, awıllardag`ı u`lken bılg`asıqlar su`wretlenedi. Onın` p`esaları sol da`wirdegi usı o`mir real`lıqların durıs beriwi, ayqın ko`rsetiwi jag`ınan bahalı. Ma`selen: «Ashlıq zarı» p`esasında eldi kolxozlastırıw kerek, sovet hu`kimetine kolxozg`a belsene kirisetug`ın adamlar kerek. Adamlar kolxozg`a eriksiz tartıladı. Sol sebepten olar kolxozda islegisi kelmeydi. Olardı belsendiler jatıp isherler, jalqawlar dep ayıplaydı. Sudladpaqshı boladı. Adamlardı qorqıtadı. Olar onnan qorıqpaydı. Qayta burıng`ıdan beter jumıs islewden bas tartadı. Jatıp aladı. Kolxoz belsendileri endi ne qılamız dep oylasadı, bul adamlardı o`ltire almasan`, dep sarsan` keseklikke tu`sedi. Dramada usınday anıq bolg`an psixologiyalıq gu`resler beriledi.

«Tog`ız ju`z gramm», «Seyitmurat jalqaw» degen p`esalarında da jan`a hu`kimet xızmetine tartqan jigitleri jan`a siyasattı elde u`gitlemey, jatıp isher, jalqaw bolıp shıg`adı. Elde hu`kimet siyasatı hesh durıs iske aspaydı. Bulardı hu`kimet adamları qoshjaqpas, haramtamaqlar dep ataydı. Onın` **20-30**-jıllardag`ı dramalıq shıg`armalarında jan`a hu`kimet siyasatının` usınday qarama-qarsılıqlı ta`repleri su`wretlenedi. Dramaturgtin` bul mazmundag`ı shıg`armalarının` qatarına «Odekolon», «Boyawshı wa`kil», «İyne qalas», «Eki baslı suwqabaq», «Gu`man», «Jalqaw diyxan» ha`m tag`ı basqa shıg`armaları kiredi.

A`.O`tepov **1920**-jıllardın` aqırında **1930**-jıllardın` basında a`debiyat, ko`rkem o`ner, ma`deniyat ma`selelerinde elge, xalıqqa u`lken dramaturg sıpatında ken` tanılıp ketiwindegi tiykarg`ı sebepler**:** ol bir jag`ınan, jan`a hu`kimettin` belsendi xızmetkeri, dramaturgi sıpatında ko`rinse, ol ekinshi ta`repten sol jıllardag`ı qızıl imperiyanın` eldegi zorabanlıq siyasatının` el, xalıq ideyası menen u`ylespegenligin, bul jıllardag`ı qattı qasarısqan psixologiyalıq gu`reslerdin` o`mir su`rip turg`anlıg`ın ko`rsetiwshi o`z zamanının` realist dramaturgi sıpatında ko`zge taslanadı. O`z da`wirinde xalıq A`.O`tepovtı o`z kewillerinen shıqqan jazıwshı dep qabıl etti.

Ulıwma, **20**-shı jıllardag`ı a`debiyatta dramaturgiya usag`an jan`a janr payda boldı, rawajlandı, ideyalıq bag`ıtı jag`ınan ol jan`a xalıqlıq gu`res haqıyqatların durıs ko`rsetip berdi.

1926-jılı To`rtku`ldegi pedagogikalıq ha`m awıl xojalıg`ı texnikumlarının` qasınan ha`wesker student jaslardın` ku`shi menen «Tan` nurı» truppası degen atamada a`debiy do`gerek sho`lkemlesti. Olar texnikum jasları qalalıq klublarda, xalıq aldında qaraqalpaq fol`klorındag`ı dramalıq elementlerden paydalanıp, xalıq ayaq oyınların, turmıs salt jırlarının` atqarılıw sheberliklerin, jıraw, baqsı, qıssaxanlardın` xalıq aldında shıg`ıp aytıwların, ha`r qıylı qız-jigit aytısların saxnalastırıp, qızıq tamashalar berip turdı. Usı «Tan` nurı» truppası 1920-jıllardın` aqırlarında qon`sı tu`rkiy xalıqlardag`ı dramalıq shıg`armalarg`a eliklep, kem-kem do`retiwshilik jaqtan jetilisip ketti. Da`slepki waqıtlarda onın` repertuarında do`gerekke qatnasıwshılardın` o`zlerinin` shıg`armaları, xalıq qosıqları, o`zleri do`retken bir aktli p`esalar, instsenirovkalardan ibarat edi. Bul jo`nelis barıp-barıp u`lken dramalıq do`retpelerdi saxnalastıratug`ın da`rejege jetti.

19қ0-ә9ң0-jıllarda qaraqalpaq milliy dramaturgiyası-nın` rawajlanıwının` ekinshi da`wiri baslandı. Bul jıllarda xalıqtın` tariyxıy, siyasiy, ja`miyetlik ha`m ma`deniy o`mirlerinde ko`rkem a`debiyattın` rawajlanıwına durıs ha`m keri ta`sir jasaytug`ın jag`daylar ko`p boldı.

XX a`sirdin` 30-jılları qaraqalpaq a`debiyatında M.Da`ribaevtın` dramalıq shıg`armaları belgili orındı tutadı. Onın` “Ko`klen”, “A`rman”, “Jan`a adamlar”, “G`a`rip ashıq”, “Da`wletiyar”, “Edige”, “Biz jen`emiz”, “Eki toy”, “Bozataw”, “Altın ju`zik” atlı p`esaları bar.

M. Da`ribaevtın` dramalıq shıg`armaları arasında ko`pshiliktin` dıqqatın o`zine ko`birek awdarg`an shıg`arması “Ko`klen” atlı tragediyalıq p`esası.

P`esada waqıya Ko`klennin` su`yiklisi Ayparag`a ashıqlıg`ınan baslanadı. Bunda Ko`klennin` diyqanlardın` ko`terilisin basqarıw da`rejesine deyingi jolı anıg`ıraq ko`rsetiledi. Ol diyqanlardın` ko`terilisin basqarıw da`rejesine a`dep Shaniyaz baydan o`z haqısın, son` joldaslarının` is haqısın alıp beriw usag`an ha`reketlerdi ku`sheytiwi na`tiyjesinde erisedi. Onın` u`stine Shaniyaz bay Ayparanı hayal u`stine almaqshı boladı. Shaniyaz baydın` zulımlıg`ı menen zorlıg`ına ko`nbey Ko`klen Ayparag`a u`ylenedi de. Shaniyaz baydın` qarawınan shıg`ıp ketip, Qaratawdın` etegindegi shopanlar awılına jaylasıp, jarlı diyqanlardı

ko`teriliske tayarlay baslaydı. Usı jerge Ko`klennin` atın esitken adamlar o`zleri kelip, Ko`klennin` toparına qosıladı.

M. Da`ribaevtın` “Ko`klen” p`esası o`z da`wirinde salmaqlı orındı iyeleytug`ın do`retpelerdin` biri.

“G`a`rip-ashıq” draması Orta Aziya xalıqlarının` arasında ken` taralg`an usı attag`ı da`stannın` tiykarında jazılg`an.

P`esa da`standı tikkeley ta`kirarlamaydı, og`an jan`a dramalıq konflikt, a`debiy personajlar qosılg`an. P`esa G`a`riptin` o`z su`yiklisi Shasa`nemnen ayra tu`sip, qosıq aytıp otırg`an jerinen baslanadı.

Shasa`nemdi G`a`ripke qosıw ushın Shahabbaz ha`r na`rse islewge tayar, ol G`a`ripti o`ltirmekshi de boladı. Biraq o`ltire almaydı. G`a`ripti joldasları kelip, onı o`limnen alıp qaladı. P`esanın` son`ında Shahabbaz xan o`zinin` qızınan waz keship ketip qaladı.

P`esadag`ı waqıyanı shiyelenistiriwshilerdin` biri Shahabbazdın` kishi hayalı Juwhagu`l. Ol G`a`ripke ashıqlıg`ı maqsetine juwhalıg`ı menen erisedi. Onın` jat psixologiyası usı sıpatlardı dramada ayqın ko`rsetiw arqalı ashıladı.

P`esanın` aqırında Juwhagu`ldin` oylag`an niyeti bolmay, G`a`rip penen Shasa`nem qosıladı. Al Juwhagu`l qan`g`ırıp qaladı.

Ulıwma, M. Da`ribaevtın` qaraqalpaq dramaturgiyasına qosqan u`lesi o`zinshe. Ol qaraqalpaq dramaturgiyasında tariyxıy waqıyalardı, fol`klorlıq temalardı saxnalastırıw menen birge jan`a adamlardın` obrazın do`retiwge talpındı.

Dramalıq shıg`armalar qaraqalpaq a`debiyatında ekinshi ja`han urıs jıllarında da o`mir su`riwin toqtatqan joq. Ma`selen, urıs jılları J. Aymurzaevtın` «Perzentim», «Kolya», «Leytenant Elmuratov» atlı p`esaları jazıldı. Jazıwshı 1941-jılı jazılg`an «Perzentim» p`esasında urıs temasın ha`r ta`repleme su`wretlewge ha`reket etti. P`esada qaraqalpaq jigiti Murat urısta u`lken erlik ko`rsetedi.

Dramaturgtin` «Leytenant Elmuratov» p`esası biraz tabıslı do`redi. P`esada urıs jıllarında bolıp atırg`an awır haqıyqatlıq su`wretlenedi, onda Batırbek

Elmuratov urısta qaharmanlarsha qaza tabadı. Biraq onın` isin, qaharmanlıq ha`reketlerin joldasları dawam etedi.

Dramaturg S. Xojaniyazovtın` 1944-jılı «Bizin` Bahadır» p`esası da bir neshshe sapar tamashago`ylerge ko`rsetildi. Onda qaraqalpaq xalqının` tılda ha`m fronttag`ı qaharmanlıqları ga`p etiledi. Onın` «Su`ymegenge su`ykenbe» (1945-j.) komediyası urıs jıllarındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyasının` en` ko`rnekli shıg`arması boldı.

Qaraqalpaq dramaturgiyası 40-jıllardın` ekinshi yarımı menen 50-jılarg`a kelip ja`ne tez pa`t penen rawajlanıw jolına tu`sti. J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov usag`an jazıwshılar bul jıllarda qa`lemi a`dewir ısılg`an haqıyqıy dramaturglerge aylandı. S.Xojaniyazov zamanago`y temalarda «Zıyada» (1946), «Jas ju`rekler» (1953), «Baxıt» (1957) sıyaqlı bir neshe dramalıq shıg`armalar do`retti ha`m bul do`retpeler bir neshshe ret teatr saxnalarında qoyıldı, bul shıg`armalardın` bir qanshası tuwısqan xalıqlar teatrları saxnalarında da ko`rinis taptı.

Belgili jazıwshımız J.Aymurzaev 50-jıllarda «Ra`wshan» (1956), «Berdaq» (1959), «Qa`dirdan doktor» (1960) sıyaqlı p`esaları menen tamashag`o`ylerdin` dıqqatın o`zine awdardı.

Shayır ha`m dramaturg T.Seytjanovtın` «Qırlı soqpaqlar» (1958), «Ku`ygelek ko`zli yar» p`esaları da o`z da`wirinin` zamanago`y temalarda jazılg`an en` jaqsı shıg`armalarınan esaplandı. 60-90-jıllar a`debiyat tariyxına qaraqalpaq dramaturglerinin` teatr «asxanasına» maman aspaz sıpatında tıg`ız aralasqan, ka`siplik-jazıwshılıq sheberlikleri artqan, tematikalıq, formalıq, ko`rkemlik izlenislerge ku`shli bet burg`an dramanın` epikalıq sıpatın ku`sheytken da`wiri sıpatında kelip kirdi. Bul jıllardag`ı dramaturglerimiz ko`birek tariyxıy ha`m zamanago`y temalarda p`esalar do`retiwge dıkqat awdardı.

60-70-jılları qaraqalpaq dramaturgiyasında sol da`wir ushın zamanago`y bolg`an turmıstın` ha`r qıylı ma`seleleri so`z etildi. Bul ma`selelerdi saxnag`a shıg`arıwda ta`jiriybeli dramaturglerden J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov,

T.Seytjanov, T.Jumamuratovlar teperishlik penen do`retiwshilik miynet etti. 60-jıllardın` ekinshi yarımında olardın` qatarına D.Aytmuratov kelip qosıldı.

40-50-jıllarda «Aygu`l-Abat» tragediyası menen at shıg`arg`an J.Aymurzaev 60-70-jıllar dramaturgiyasında ju`da` jemisli miynet etti. «Berdaq» p`esasın qaytadan islew menen qatar (1977), «Qa`dirdan doktor» (1960), «Sheberxannın` shırmawıg`ı» (1964), «Baxıt bulag`ı» (1967) drama, komediyaların jazdı.

Ta`jetdin Seytjanov dramaturgiyag`a 50-jıllardın` aqırınan baslap aralasa basladı. Onın` «Qırlı soqpaqlar» (1957), «Ku`ygelek ko`zli yar» (1959), «Tınımsız tolqınlar» (1964), «Jalınlar» (1968) ha`m «Beruniy» (1973) p`esaları o`z da`wirinde kitap oqıwshıları menen teatr tamashago`ylerinin` dıqqatın tarttı. Solardın` ishinde «Tınımsız tolqınlar», «Jalınlar» p`esaları 60-jıllar dramaturgiyasının` ideyalıq-ko`rkemlik da`rejesinen mag`lıwmat bererlik ko`rkemlik sapag`a erisken shıg`armalar boldı. Avtor «Jalınlar»dı U`stirtten gaz shıg`arıwshı-lardın` turmısın su`wretlewge bag`ısh etip, tiykarg`ı waqıyanı razvedkalıq izleniw partiyasının` nachal`nigi Qa`dir Saparov penen teren` burawlaw razvedkalıq ekspeditsiyanın` nachal`nigi Qa`lmen Orazov ha`m olardın` ta`repdarları arasındag`ı kelip shıg`atug`ın qarama-qarsılıq a`tirapında rawajlandırıwdı maqset etken. Avtor ta`repinen p`esag`a material retinde alıng`an syujet to`mendegishe:

İnstitutta birge ta`lim alg`an, Parshagu`lge birge ashıq bolg`an, fronttı da birge o`tkergen Qa`dir Saparov ha`m Qa`lmen Orazov arasında jumıs babında «pikir talasları» payda boladı. İplas Qa`lmen Orazov o`zinin` ataq abıroyı ushın Gu`lziyra Saparova ha`m “afurlarg`a tezirek gaz shıg`arıw maqsetinde teren` burawlarg`a kirisiwdi buyıradı. Bul buyrıqqa Qa`dir Saparov, Gu`lziyra Saparova, Sa`lmen ata ha`m “afurlar ha`mmesi qarsı boladı. Biraq teren` burawlawg`a kirisiw buyrıg`ın da orınlaydı.

Birinshi akttin` son`ında teren` burawlaw skvajinasınan gaz shıg`adı. Biraq avtor bunın` menen p`esanın` birinshi aktin g`ana tamamlaydı. Ekinshi aktte Qa`lmen Orazov ha`m Qa`dir Saparovlar arasında tag`ı ekinshi tartıs oylap tabıladı. Bul tartıs gaz shıg`arılıwı menen baylanıslı bolg`an avariyanın`

ayıpkerligin kimge ju`klew ma`selesi a`tirapında boladı. Akttin` son`ında avtor ha`m barlıq «unamlı» perso-najlardın` birlesip alıp barg`an qarsı gu`resi na`tiyjesinde Qa`lmen Orazov ayıplanıp jumıstan shıg`arıladı.

Biraq p`esa bul jerde de tamamlanbaydı. Avtordın` Qa`lmen Orazovqa degen o`shpenliligi barg`an sayın arta tu`sedi.

U`shinshi akt jigirma eki jıl «ayralıq dag`ında» ku`ygen Qa`dir Saparov penen onın` burıng`ı hayalı Parshagu`ldin` qosılıwı, “afur menen Gu`lziyra Saparovanın` toyı ko`rinislerinde de Qa`lmen Orazovtın` a`shkaralanıwı dawam etedi. P`esa aldın ala «3 aktli, 6 kartinalı» bolıp planlastırılg`anlıg`ı sebebinen usı jerde pitedi.

Tilekke qarsı, T.Seytjanovtın` nahaqlıqqa degen qarsı gu`resi ayırım sebeplerden tamashago`ylerge o`zi oylag`anınan basqasharaq jetip keledi. P`esada waqıyalardı bir o`zekke jıynap rawajlandırıwshı qarama-qarsılıqtı anıq emesligi saldarınan ha`r akttin` waqıyaları bir-biri menen baylanısa almay qalg`an. Sebebi olar dramalıq gu`res sheshiliwi za`ru`rliginen emes, al p`esanın` ko`lemin ko`beytiw za`ru`rligi tiykarında bir-birine jalg`astırılıp qoyılg`anday bolıp ko`rinedi.

60-70-jıllar p`esalarının` ko`pshiligi derlik jaslar turmısın, olardın` muhabbatın, miynettegi erliklerin sa`wlelendiriwge arnaladı. Sapar Xojaniyazovtın` «Arıwlar», Saparbay Ta`jimuratovtın` «Pitpey qalg`an portret», T.Seytjanovtın` «Tınımsız tolqınlar» muzıkalı dramaları, mine, usınday a`wladtı ta`rbiyalawg`a u`les qosarlıq shıg`armalar boldı.

Bul jıllarda bulardan basqa J.Aymurzaevtın` «Sheberxannın` shırmawıg`ı», T.Jumamuratovtın` «Qızlar ha`zili», D.Aytmuratovtın` «Pirqaqqan», P.Tilegenovtın` «Jınayatlı kim» p`esaları do`retildi. Tilekke qarsı, bul p`esalar da T.Seytjanovtın` «Tınımsız tolqınlar» dramasındag`ıday ideyalıq-ko`rkemlik da`rejesi jag`ınan ayırım nuqsanlarg`a iye bolg`anlıqtan saxnalardın` turaqlı repertuarlarına aylanıp qala almadı.

Bul jıllarda D.Aytmuratov ta dramaturgiyanı professionallıq da`rejege ko`teriwde salmaqlı u`les qostı.

Dramaturgttin` 1967-jılı jazılg`an «Pirqaqqan» komediyasının` 1972-jılı qayta islengen jan`a variantı «Yalg`anshının` isi» 70-jıllar dramaturgiyasında joqarı ko`rkemlik sapag`a erisiwge umtılıwdag`ı da`slepki qa`demlerden boldı.

Da`wlen Aytmuratov dramaturgiyag`a lirikalıq poeziyadan keldi. Onın` da`slepki p`esası avtor ushın drama jaratıwdag`ı birinshi o`zin sınap ko`riwi edi. Biraq teatr o`neri ha`m dramanın` ishki sırların ele jeterli o`zlestire almag`an avtordın` birinshi p`esasında ushırasatug`ın ko`p so`zlilik, ha`reketdin` kemligi, biz so`z etpekshi bolıp otırg`an «Yalg`anshının` isi»inde de azlap ushırastı.

Degen menen, son`g`ı variant temasının` aktual`lıg`ı, janrlıq su`wretleniwdegi originallıg`ı jaqlarınan, ayırım obrazlardın` tipiklik da`rejege erisiwi boyınsha biraz alg`a ilgerlewshilikke iye.

P`esa ha`zirgi zamannın` tu`pkilikli ma`selelerinin` birine arnalıp, ideyalıq mazmunı jag`ınan adamlar arasındag`ı, a`sirese oraydan shetkeri jerlerde ko`plep gezlesip qalatug`ın jag`ımpaz adamlardın` ja`miyet ushın ersi qılıqların tamashago`y aldında ashıp berip, ashshı ku`lki arqalı a`shkara etiwge arnaladı.

P`esanın` waqıyası ju`da` a`piwayı kompozitsiyada qurastırıladı. Sırttan qarag`anda p`esa dawamında hesh qanday aytarlıqtay waqıya bolıp o`tpegendey ko`riniwi de mu`mkin.

60-70-jıllarda tariyxıy tema - qaraqalpaq drammaturgiyasında tiykarg`ı tematikalardın` birine aylandı. Bul tematikalardı G.D.Abdulov penen G.Bayandievler “Qaraqalpaq qızı” instsenirovkasın, P.Tilegenov «Begjap tragediyasın», İ.Yusupov “Aktrisanın` ıg`balı” dramaların do`retti. Bul saxna shıg`armalarının` tiykarg`ı jetiskenlikleri dep konflikt ha`m xarakter jaratıwdag`ı saxna ustasının` realistlik do`retiwshilik qatnasın, janrdın` sırın teren` iyelewlerin aytıp ketiwge boladı. Bul sıpat a`sirese İ.Yusupov do`retiwshiliginde ayqın seziledi.

İbrayım Yusupov qaraqalpaq a`debiyatında lirikalıq ko`plegen do`retpeleri menen xalıqqa tanılg`an shayırlardan bolıp, dramaturgiyag`a alpısınshı jıllardın` basınan aralastı. A`.Shamuratovtın` “Qırıq qız” p`esası tiykarında qayta islengen

usı attag`ı tariyxıy draması ha`m “Aktrisanın` ıg`balı”, “O`mirbek laqqı” original p`esaları Qaraqalpaq ma`mleketlik teatrı saxnasında qoyılıp, xalıqqa ko`rsetildi.

«Aktrisanın` ıg`balı» qaraqalpaq dramaturgiyasının` janlanıwın ko`rsetiwshi, 60-jıllar ushın g`ana emes, al pu`tkil dramaturgiya tariyxı ushın da en` bir sa`tli shıg`armalardan esaplanadı. Bul dramanı do`retiwde avtor o`zinin` shayırshılıq uqıbınan da sheberlik penen paydalana bilgen ha`m sonın` na`tiyjesinen “Aktrisanın` ıg`balı”nın` poetikalıq liro-drama bolıp shıg`ıwına erisken.

Ulıwma, İ.Yusupovtın` “Aktrisanın` g`ıbalı” eki aktli, jeti kartinalı draması ideyalıq-ko`rkemlik bir pu`tinlikke iye, sheber jazılg`an shıg`armalardan bolıp, qaraqalpaq dramaturgiyası tariyxında en` bir a`hmiyetli p`esalardın` biri dep atawg`a turarlı.

80-jıllardın` aqırında 90-jıllardın` basında qaraqalpaq dramaturgiyası o`z rawajlanıwının` joqarı shoqqıların iyelewge qaray umtıldı, dramanın` formaları bayıdı, drama muzıkalıq dramadan realistlik dramag`a, tragediya «Begjap tragediyası»nan trago-komediya «O du`n`yag`a mira`tke» shekem o`sip o`tti, saxnamızda Beruniy, Berdaq, Qumar ana, Ernazar alako`z qusag`an jan`a tariyxıy qaharmanlar xarakteri menen obrazları jaratıldı.

K.Raxmanovtın` «Kelin», «Raxmet, kelin» p`esaların-da jan`asha oylaytug`ın zamanago`y jaslardın` obrazın jaratıwg`a dıqqat awdarıldı. T.Jumamuratov «Qızlar ha`zili» komediyası menen komediya janrına a`dewir uqıbı bar dramaturg bolıp jetiliskenligin ko`rsetti. T.Qayıpbergenov «Familiya» draması menen dan`qparaz-lıqtı qattı sıng`a aldı. İ.Yusupov «Qırq qız», D.Aytmuratov «Aqmaqlıqtı maqtaw» dramaları menen dramaturgiyanın` rawajlanıwında jan`a bag`dar payda etti.

80-jıllarda İ.Yusupovtın` «A`jiniyaz» operasının` do`rewi bul teatr o`nerindegi jan`a burılıstın` baslanıwı esaplandı.

**60-80**-jıllar dramaturgiyasında Pirlepes Tilegenov-tın` dramalıq shıg`armalarının` ideyalıq-ko`rkemlik salmag`ı ayrıqsha boldı. Onın` ko`plegen p`esaları O`zbekstan, Qazaqstan, Ta`jikstan, Qırg`ızstan teatrlarının` saxnalarında qoyıldı.

P.Tilegenov dramalarının` ishinde «Begjap tragediyası», «İnsan ta`g`diri», «Ko`len`ke» p`esaları dramaturgiyamızg`a salmaqlı u`les qosqan shıg`armalar esaplanadı.

P.Tilegenov 60-jıllardın` o`zinde-aq dramaturgiya-mızg`a jan`a formalar alıp kirdi. Onın` «Begjap tragediyası» usı da`wirlerdegi muzıkalıq dramadan realistlik tariyxıy dramag`a o`sip o`tken shıg`arma esaplanadı. Bul drama 1963-jılı qayta islenip, ideyalıq-ko`rkemlik sapası a`dewir jetilisti, qızıqlı xarakter, dramalıq keskin konfliktler jaratıw jag`ınan bir qansha tabıslarg`a eristi. Dramadag`ı Azat, Perida ha`m hiyleker, aqıllı Qutlımurat obrazları ha`r ta`repleme jetilisken obrazlar. Bul obrazlar haqıyqıy ko`rkemlik penen isenimli sa`wleleniwin tapqan.

Avtordın` «Ko`len`ke» p`esası «Hu`jdan» degen at penen saxnalastırg`an. P`esada bekkem sem`ya qurıw, hadal jasaw ma`seleleri isenimli ha`m ko`rkem etip ortag`a qoyılg`an. P`esa qaharmanları bolg`an erli-zayıplı A`dilbek-Za`wre obrazları bizdi o`mirde qırag`ı bolıwg`a, o`mirden o`z ornımızdı tabıwg`a shaqırıp turadı.

P`esa talaba gezinde turmıs shıg`ıp, jas balalı bolg`an Ja`miyla degen kelinshektin` ta`g`dirin so`z etiwge bag`ısh etilgen. P`esa waqıyalarının` rawajlanıw barısında p`esa qaharmanı Ja`miylanın` ku`yewi A`dilbekten aldanıp qalg`anlıg`ın ko`remiz. A`dilbek buzıq oylı sawda xızmetkeri Za`wre degennin` hiylelerine erip, jas balası menen hayalı Ja`miylanı taslap ketiwge deyin barıp jetedi. Ja`miyla sem`yasın buzg`ısı kelmey, qoldan kelgen barlıq ha`reketlerdi isleydi: ha`tte shan`arag`ımdı buzba, balam jetim qalmasın, dep Za`wrenin` u`yine de baradı. Biraq Za`wre de, A`dilbek te onın` ga`plerine qulaq aspay, onın` pa`k sezimlerin ayaq astı etedi.

Avtor Ja`miyla obrazının` qarama-qarsısı sıpatında Za`wre obrazın do`retken. Za`wre du`n`yag`a duzaq qurg`an, qımbat baha kiyim-kenshek, tilla`-tag`ınshaq, mal du`n`ya tabıw ushın barlıq haramshılıqlardan da qaytpaytug`ın du`n`yaxor, jalatay, buzıq hayaldın` tipi.

A`dilbek te turmısta jeke-siyrek bolsa da ushırasıp turatug`ın ko`rseqızar, jen`il minezli, o`mirdin` qıyınshılıg`ınan qashıp, an`sat o`mir keshiriwdi

ku`seytug`ın na`kas adamlardın` tipi. Onın` bul na`kaslıq sıpatı Za`wreni aqsha menen «jıg`ıp alıw» ushın nızamsız ha`reketler islep, haq ko`kirek ju`ginistey jigitlerge jalg`an hu`jjetlerge qol qoydırıp, onı otqa ısırıp salmaqshı bolg`an ha`reketlerinen ayqın seziledi.

Shıg`armanın` aqırında A`dilbek o`mirden tis jep, qa`te-kemshilikleri ushın Ja`miyladan keshirim sorap keledi. Biraq onın` insaniyatqa nızamg`a qarsı islegen qılmısların Ja`miyla keshire almaydı, «qın`ır isi» ushın A`dilbek zan` aldında juwap beriwge ma`jbu`r boladı.

Avtor bul juwmaq penen, A`dilbektey na`kas adamlarg`a o`mirde orın joq, degen pikirdi ja`ne bir ma`rtebe tastıyıqlap ko`rsetedi.

Son`g`ı waqıtları teatr ha`m kino saxnası o`neri jan`a ko`rkem fil`mlerdin` jaratılıwı menen de jan`a sıpatlıq belgilerge iye boldı. Jazıwshılarımızdan İ.Yusupov, N.Japaqov, J.Aymurzaev, İ.Qurbanbaev, O.A`bdiraxmanov, A.Sultanovler kinostsenariy jazıw isleri menen shug`ıllana basladı. Bunın` ayqın mısalı sıpatında N.Japaqov, M.Melkumovlardın` «Aral balıqshısı» kinofil`min, J.Aymurzaevtın` «Egiz qız», İ.Qurban-baevtın` «Qırq qız», A.Sultanovtın` «Ziywar» kinofil`min, O.A`bdiraxmanovtın` «Tıg`ın» kinofil`m-lerin aytıp ketiw mu`mkin.

Son`g`ı jılları dramaturgiyag`a Q.Ma`tmuratov, M.Nızanov, S.Jumag`ulov sıyaqlı bir qatar talantlı jaslar kirip keldi. Usılardın` ishinde Q.Ma`tmuratovtın` «Bir u`yde eki o`mir» draması, M.Nızanovtın` «Eki du`n`yanın` a`weresi» komediyaları, 80-90-jıllar dramaturgiyasının` baslı tabıslarının` birine aylandı.

G`a`rezsizlik teatr iskusstvosı aldına da sınaqlı reformalardı a`melge asırıwdı bas wazıypa etip qoydı. Sebebi teatr repertuarları bolg`an dramalıq shıg`armalardın` ayırımları tematikalıq jaqtan ju`da` eskirgen edi, olar totalitar ja`miyettin` totalitar siyasatın ta`riypleytug`ın tariyxıy-revolyutsiyalıq temalarg`a qurıldı, zamanago`y temalarda original p`esalar kem do`retildi. Sol ushın da dramaturgler 90-jıllardın` baslarınan o`tken o`tmishimizdegi bay tariyxımızdı, xalqımız basıp o`tken mashaqatlı jollardı, bul jollardag`ı xalıq batırlarının` qaharmanlıq is-ha`reketlerin ulug`laytug`ın tragediyalıq, tariyxıy, sonday-aq

keshegi jaqın o`tmishimizde ja`miyette orın alg`an jat illetlerdi kritikalaytug`ın zamanago`y ruwxtag`ı satiralıq, komediyalıq p`esalar do`retiwge ku`shli bet burdı. Dramaturgiyada fol`klorlıq-xalıqlıq syujetke negizlenip p`esalar jazıw bag`ıtı payda bola basladı. Repressiya qurbanları teması da dramaturglerimizdin` na`zerinen shette qalmadı. Atap aytsaq, T.Qayıpbergenovtın` "Aydos baba" ("Mın` tillag`a tigilgen gelle"), T.Allanazarovtın` "Aydos baba", Q.Ma`tmuratovtın` "O`mirbek ha`m tazsha", S.Jumag`ulovtın` "Adamlar qalay buzılg`an", M.Nızanovtın` "Eki du`n`yanın` a`weresi", A.Sultanovtın` "Jazıqsız to`gilgen qan" p`esaları menen İ.Yusupovtın` "A`jiniyaz" operalıq spektaklleri, minekey, usınday bag`ıttag`ı shıg`armalar edi.

T.Qayıpbergenovtın` "Aydos baba" draması 1998-jılı "Erkin Qaraqalpaqstanı" gazetası betlerinde jarıq ko`re basladı. Dramada su`wretlengen ayırım waqıyalıq epizodlar jazıwshının` "Baxıtsızlar" romanına tiykar etip alıng`an waqıyalar menen ma`lim da`rejede sa`ykes keledi. Lekin jazıwshı dramada Aydos baba obrazına dramaturg sıpatında prozasındag`ı Aydos biyge berilgen bahasına qarag`anda basqasha ko`z-qarasta boladı, Aydos baba obrazına bu`gingi milliy g`a`rezsizlik da`wiri ko`z-qaraslarınan shıg`a otırıp pikir ju`ritedi. Dramada su`wretlenilgen waqıyalar Aydos o`mirinin` 1810-1827-jıllarına tuwra keledi. Aydos bul da`wirde tu`rkiy xalıqlardın` tariyxın, geneologiyalıq shejiresin jaqsı biletug`ın adam sıpatında sa`wleleniw tabadı. Biz bunı dramadag`ı Aydostın` sawatlı xan menen xan da`rejesindegi so`yleskenlerinen anıq bayqaymız. Aydostın` xan menen bolg`an bul so`ylesiklerinde qaraqalpaq ma`mleketshiligin du`ziwdegi Maman biydin` umtılısları, biraq bul umtılıslardın` Rossiya patshashılıg`ı ta`repinen is ju`zinde qollap-quwatlanılmag`anlıg`ı, patshashılıqtın` eki ju`zli siyasatı, sol ushın da Maman biydin` qaraqalpaqlardı ata-babalarının` Watanı-A`miwda`r`yanın` to`mengi quyarlıqlarına alıp kelgenlikleri haqqında pikir ju`ritiledi.

Dramada Aydos babanın` qaraqalpaq ma`mleketshiligin du`ziw haqqındag`ı oyları inileri Mırjıq, Begislerdin` ko`z-qaraslarına qarag`anda anag`urlım ken` ha`m unamlı. Mırjıq, Begisler qaraqalpaq ma`mleketshiligin du`zgende, tek bir

ruw-Qon`ırat ruwının` hu`kimdarlıq etiwin a`rman etedi. Aydos bolsa ruwlar arasındag`ı bul ala-awızlıqtı saplastırıp, barlıq qaraqalpaq ruwların bir awqamg`a-Qaraqalpaq xanlıg`ına biriktiriwdi oylaydı. Ha`tte, ha`zir qudaytala A`mir Temirdı jarıq du`n`yag`a qaytadan keltirgende me edi, men qaraqalpaq xanlıg`ı haqqında oylamag`an da bolar edim, degenge usag`an qıyallarg`a da baradı. Onın` oyınsha, A`mir Temir barlıq tu`rkiy xalıqlardı bir ma`mleketshilikke biriktiriw ushın gu`resshen`. Aydos ta usı siyasattı qollap-quwatlaydı.

Jazıwshı Aydos ha`m onın` tuwg`an-tuwısqanlarının` obrazında feodallıq da`wirdin` jikleniwshilikke, ala-awızlıqqa tiykarlang`an nızamları menen a`dep-ikram normaların ashıp beredi. Aydos tragediyası arqalı bolsa usı ala-awızlıqtın` aqıbetlerin ko`rsetedi. Jazıwshı-dramaturgtin` Aydos haqqındag`ı jaqsı niyetleri onın` obrazının` isenimli jaratılıwına keri ta`sirin tiygizbeydi, kerisinshe avtor Aydos obrazın barlıq qarama-qarsılıqları menen jaratıp beredi.

M.Nızanovtın` “Eki du`n`yanın` a`weresi” p`esası toyımsız, insapsız adamlardı qaralag`an komediya bolıp tabıladı. Komediyada su`wretlenilgen waqıyalar bizin` jaqın o`tmishimizden alıng`an. Shıg`armada du`n`ya jaralg`alı insaniyattın` ayag`ına tusaw bolıp kiyatırg`an jag`ımpazlıq, alımsaqlıq, du`n`yaparazlıq, paraxorlıq, jalaxorlıq usag`an unamsız illetler o`tkir sıng`a alınadı. Avtor Artıq, O`texan, Asqar, Sa`rdar ha`m Nasırlardın` obrazların jaratıw arqalı usı illetlerden jiyirkeniwge, og`an qarsı gu`resiwge shaqıradı.

Komediya 1991-jıldan baslap No`kis, Tashkent teatrı saxnalarında qoyılıp kiyatır.

2001-jılı A.Sultanovtın` “Nahaqtan to`gilgen qan” draması jaratıldı. Bul drama fil`m halatında kino ekran saxnalarınan da ko`rindi. Dramada XX a`sirde qaraqalpaq ma`mleketshiligin du`ziwdin` bası-qasında bolg`an u`lken ma`mleketlik isker, xalqımızdın` su`yikli perzenti Allayar Dosnazarovtın` repressiya da`wirindegi mashaqatlı xızmetleri ha`m ayanıshlı ta`g`diri so`z etiledi.

## III. Ekinshi bap
## “a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyasının` ideyalıq-ko`rkemlik o`zgeshelikleri (90-jıllar)

“a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq a`debiyatındag`ı epikalıq janrlardın` da rawajlanıwına da ken` jol ashıp berdi. Bul sıpatlı belgi a`sirese aqsaqal jazıwshı-shayırlarımız T.Qayıpbergenov, İ.Yusupovlar menen birge jas jazıwshılarımız bolg`an M.Nızanov, S.Jumag`ulovlardın` tvorchestvalarında da ayqın sezile basladı.

Biraq, biz jumısımızdın` bul babında temamızg`a say T.Qayıpbergenovtın` «Aydos baba» tragediyası menen jas jazıwshılarımız M.Nızanovtın` «Eki du`n`yanın` a`weresi» ha`m S.Jumag`ulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?», «Ku`yewin`di berip tur», Q.Ma`tmuratovtın` «Eger muhabbat keshikse» atlı dramalıq shıg`armalarına g`ana tallaw islemekshimiz.

Ma`mleketlik g`a`rezsizlik jılları burın unamsız yamasa qarama-qarsılıqlı bahalanıp kelgen tariyxıy waqıyalardı, tariyxıy adamlardı qayta qarawg`a mu`mkinshilik tuwdı. Sonın` ishinde Aydos biy tuwralı da burıng`ı bir qa`lipke tu`sken pikirler o`zgerip, jan`asha ko`z-qaraslar payda bolmaqta. Bul boyınsha jazıwshılar da do`retiwshiligi arqalı mu`na`sibetlerin bildirmekte. 90-jılları payda bolg`an T.Allanazarovtın` “Aydos baba” tragediyası, T.Qayıpbergenovtın` “Aydos baba”, A`.Paxratdinovtın` “Aydos biy haqqında a`psana” povesti, ko`plegen lirikalıq shıg`armalar bul so`zimizge da`lil bola aladı. Haqıyqatında, **90**-jıllarda jazılg`an shıg`armalar-da Aydos biyge bolg`an avtorlıq qatnaslar, ko`z-qaraslar pu`tkilley jan`a bag`darda, jan`a mazmunda ko`rindi. Jazıwshı T.Qayıpbergenov ta “Aydos baba” (1998) dramasında Aydos biy obrazın jan`asha jaratadı. Onın` usı dramadag`ı ha`m “Baxıtsızlar” romanındag`ı Aydos biy obrazları bir qatar uqsaslıqlarg`a iye, sonın` menen olar biraz qa`siyetleri belgileri, su`wretlewleri, a`sirese avtorlıq bahalawı boyınsha ajıralıp turadı.

“Aydos baba” atlı dramada so`z etiletug`ın waqıyalar 1810-1827-jıllar arasında o`tedi.

Dramadag`ı qatnasıwshılar: Aydos baba, xan, wa`zir, xannın` ma`hremi, Begis ha`m Mırjıq (Aydos babanın` inileri), Dospan no`kerbasılar, no`kerler, diyqanlar, balıqshılar, sharwalar, jetimler.

Dramanın` qısqasha syujeti:

Birinshi ha`diysede Aydos ha`m Dospan xannın` aldına qolları baylawlı halında alıp kelinedi. Dospannın` awzında qanlı shu`berek.

Xiywa xanı menen Aydos arasında so`ylesiwlerden u`zindi keltireyik:

Xan: Aydos biy, men bilemen. Siz aqıllısız. Lekin, aqıl kisini dan`q ha`m ullılıqta umtılıw keselinen saqıt qılsa g`ana aqıl! Bolmasa...

Xan ma`hremi: Ullı xanımız, Qon`ırattın` ha`kimi de sol esersoq talabag`a arag`a tu`sip kelgen edi. Biyaqıl ha`kimge o`shesip jazanı awırlatqan edin`iz.

Xan: Aydos biy, sizdi de qon`ıratlı dep esittim. Men de sol qa`biladan shıqqanman. Bilesiz be, qon`ıratlılardın` tu`p babası kim?

Aydos baba: Bizin` el arasındag`ı a`psanalarg`a qarag`anda ba`rshe tu`rkiyler arasına alawızlıqtın` tuqımın seppekshi bolg`anlarg`a qarsı gu`resken bir topar jigitler, basqalardan ayırılıp ko`zge taslanıwı maqsetinde o`n`shen` qon`ırat atlarg`a minip shıqqan eken. Qon`ırat qa`bilası a`ne, solardın` a`wladı desedi.

Xan: Abılg`aziy xannın` “Tu`rk shejiresi” kitabında basqasha. Efastın` tog`ızınshı a`wladı. A`lxannın` Kaen` degen kishi ulınan o`rbigenler qon`ıratlılar delinedi...

Aydos baba: Bunı da biykarlamayman. Demek, sol qon`ır atlardı da`slep mingenler Kainnin` ulları.

Joqarıda aytıp o`tkenimizdey T.Qayıpbergenov burın ko`rkem prozada (“Baxıtsızlar” romanında) Aydos biy obrazın jasag`an edi. “Aydos baba” draması menen romandag`ı Aydos obrazları arasında a`dewir parıq, uqsaslıqlar bar. Joqarıda Aydos biy ha`m xan arasındag`ı so`ylesiwlerden ko`p na`rse biliwge boladı.

Birinshiden, xannın` o`zi Aydos biydin` aqıllılıg`ın ha`m bilimliligin, moyınlawı u`lken na`rse. Demek, Aydos biy ju`da` sawatlı, tariyxtı teren` biletug`ın qaraqalpaq xalqının` biyi ekenliginen derek beredi.

Ekinshiden, Aydos biy tu`rkmen xalqı menen de doslıqta bolg`anlıg`ı so`z etiledi. O`ytkeni, ol tu`rkmen jigitin dar astınan qutqarıwı u`lken ma`rtlikke, adamgershilikke jatadı.

“Baxıtsızlar” romanında bunday so`ylesiwler a`piwayı tu`rde berilgen bolsa, “Aydos biy” dramasındag`ı Xiywa xanının` so`zi de, Aydos biydin` so`zi de salmaqlı, bilimli, tariyx ilimlerin, tu`rkiy xalıqlarının` shejirelerin jaqsı biletug`ın adam retinde su`wretlengen. Bul, a`lbette, zan`lı na`rse. Sebebi, Xiywa xanı da, Aydos biy de, xannın` ma`hremleri de, atqosshıları da medireselerde oqıg`an. İlimnin` a`lwan sırların iyelegen. Sonlıqtan bolsa kerek dramada Aydos biydin` bilimligi, sawatlılıg`ı isenimli ko`rsetilgen. Aydos biy haqıyqatında onlag`an jıl meshit-medireselerde oqıg`an sawatlı ha`m bilimli qaraqalpaq xalqının` ataqlı biyi. Sonday-aq Aydos biy qaraqalpaq xalqına xanlıq kerek ekenligin Xiywa xanına burın da eskertken edi. Xiywa xanı qolınan kelgenshe ja`rdem etetug`ının aytqan.

Degen menen, Aydos biydin` ullılıg`ın inileri Begis ha`m Mırjıq hasla oylamas edi. Olardın` maqseti de xalıqtı oylaw maqsetleri bir, lekin tu`sinikleri basqa-basqa, tutqan jolları basqa.

Aydos biy qaraqalpaq xalqı qu`diretli xanlıqqa birlesse eken dep a`rman etse, Begis te, Mırjıq ta xalıqqa jaqsılıq oylaydı, xanlıq alıwdın` ta`repdarı boldı, lekin olar Qon`ırat xanlıg`ın a`rman etti.

Qon`ırat xanlıg`ın du`ziw baslaması To`remurat suwpıdan shıqqan baslama edi. Begis penen Mırjıq bolsa To`remurat suwpının` aldag`anına, so`zine erip og`an hadal xızmet etti. Aqıbetinde, tuwısqanlar arasında kelispewshilikler shıg`ıp bir-birin o`ltiriw menen juwmaqlandı.

Aydos biydin` is-ha`reketinin` ashılıwında To`remurat suwpının` ornı ullı. O`ytkeni, To`remurat suwpı Xojamurat suwpı, Aydos biy u`shewi da`slep o`z-ara bekkem doslıqta jasadı. Sonday-aq, Aydos biy menen To`remurat suwpı

arasındag`ı qarama-qarsılıq negizinde xanlıqqa talasıwdan payda bolg`an. Dramada bul ko`rinisler isenimli su`wretlengen.

T.Qayıpbergenovtın` “Aydos baba” dramasında Aydos biy obrazı ha`r ta`repleme ashılg`an. Aydos biy - bul dramada unamlı is-ha`reketleri menen ko`rinedi. Aydostag`ı aqılılıq, miyrim-sha`pa`a`tlilik, ken`peyillik, sho`lkemlestiriwshilik, uqıplılıq, bir so`zlilik, turaqlılıq, adamgershilik, Watang`a, xalqına teren` su`yiwshilik sezimlerdin` su`wretleniwi onın` obrazın ko`rkemlik jaqtan bayıtıp turadı.

T.Qayıpbergenovtın` “Aydos baba” p`esasın qaraqalpaq dramaturgiyasına qosılg`an u`lken u`les dep esaplaymız. Onın` shıg`armalarında XVIII a`sirdin` aqırında XIX a`sirdin` basında o`mir su`rgen, el birligin saqlawg`a miynet etken qaraqalpaq xalqının` ullı perzenti Aydos biy obrazı oqıwshılarda teren` ta`sir qaldıradı.

G`a`rezsizlik da`wirdegi jaslardı adamgershilikke, Watanın haqıyqıy su`ye biletug`ın azamat etip ta`rbiyalawda “Aydos baba” draması u`lken a`hmiyetke iye, bahalı do`retpe.

Muratbay Nızanovtın` «Eki du`n`yanın` a`weresi» komediyasında, komediyanın` ha`m su`wretlengen obrazlar, waqıyalar bizin` jaqın o`tmishimizden alınsa da, onda adamzatqa elege shekem problema bolıp kiyatırg`an su`txorlıq, toyımsızlıq, du`n`yaparazlıq, zıqnalıq, alımsaqlıq, hu`jdansızlıq, jag`ımpazlıq: «tiyip ketsen`, jırıp ketti» sıyaqlı unamsız illet-insapsızlıq sıyaqlı jat qa`siyetlerge qarsı gu`res ideyaları ortag`a taslanadı.

Shıg`armanın` basında Asqardın` u`yinde Asqar ha`m onın` hayalı O`texannın` so`ylesiwi menen baslanıp kem-kem dramalıq tu`ske enisip ketedi. Olarg`a kelip qosılg`an Artıq ha`m Nasırlar arqalı komediyanın` waqıyası haqıyqıy dinamikalıq rawajlanıwg`a o`tedi.

Asqar ha`m Nasır o`zleri xalıqtın` ma`pin jep, onı Artıqtı o`ltirip, sonın` moynında ketti dep tergewden qutılmaqshı boladı. Al bunın` esesine Artıqtın` as-abatın berip, onın` jesir qalatug`ın hayalına ja`rdem beriwdi ekewi o`z moynına aladı.

Al, Artıq bolsa o`lip baratırıp ta basqalardag`ı qarızların bul ekewinen o`ndirip, o du`n`yag`a para beriw ushın alıp ketedi ha`m «menin` Asqar menen Nasırda pa`len som alası qarızlarım bar» dep hayalına til xat taslap u`lgeredi.

Ku`yewinin` bul ha`reketleri o`zi burınnan buzıq, baslıg`ınan eki qabat bolıp qalıp, Artıqqa asılıp ma`jbu`riy qosılg`an O`texang`a da on`ay tu`sedi. Ha`tte ku`yewinin` namazında ku`yewine janı ashıp emes, al ilgeride haram o`lgen sawın sıyırının` jetim qalg`an baspag`ına kewli eljirep, dawıs salıp jılaydı.

Komediya syujetindegi og`ada qonımlı ku`lkige tartatug`ın bunday detallar ha`m ko`rinisler avtor ta`repinen geyde tolıq real planda, al geyde reallıqqa jaqın, biraq bo`rttirilgen-giperbolalastırılg`an awhalda alınıp su`wretlenedi.

Sonday-aq shıg`armada bug`an qosımsha ayırım orınlarda o`mir qubılısların qıyalıy emes, tu`s ko`riwshilik, gallyutsinatsiyalıq qubılıslar sıpatında bir-biri menen teren` qarastırılıp, sheber biriktirilip berilgen. Bunday usıllardın` avtor ta`repinen baslı ideyanı ju`zege keltiriw jolında sheber biriktirip beriwge jazıwshının` qa`lemi ısılıp, poetikalıq ko`rkemlik da`rejesinin` o`skenliginen derek beredi.

Mısalı, shıg`armadag`ı Artıqtın` tu`s ko`riw qubılısı, onın` o du`n`yadag`ılar menen de kelisip, beyishke barıwg`a talpınıwı waqıyası, du`n`ya ushın ha`tte o`zinin` o`mirinen keshiwi, pul, mal-mu`lk ushın buzıq hayalg`a bile tura u`yleniwi ha`m a`mel alıw waqıyaları bizin` bul pikirimizdin` mısalı bola aladı. Bulardın` barlıg`ı komediyada astarlı, ızg`arlı ku`lki oyatıw ta`sirshen`ligin asırıp do`retpenin` poetikasının` sheber ha`m ken`ligin tastıyıqlap tur.

G`a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyasının` ja`ne bir tabısılı do`retpesi- Qıpshaqbay Ma`tmuratovtın` «Keshikken muhabbat» atlı p`esası bolıp tabıladı. Bul do`retpe 2003-jıldın` noyabr` ayının` ortasında Berdaq atındıg`ı Qaraqalpaq Ma`mleketlik sazlı teatrının` saxnasında tamashago`yler dıqqatına usınıldı. Saxnalastırg`an rejisser O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalıq artisti, Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı Q.Abdreymov, bas rol`de O`zbekstang`a xızmet ko`rsetken artist, Qaraqalpaqstan xalıq artisti T.Qayıpnazarova, drama saxnasın ko`rkemlik jaqtan bezegen O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalıq

xudojnigi, Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı İ. Alibekov.

Waqıyalar xudojniktin` tapqırlıg`ında a`piwayı g`ana bezetilgen shan`araqta o`z aynalısı menen o`tip turadı.

Qıdır rolin O`bekstang`a xızmet ko`rsetken artist B.Uzaqbergenov atqarg`an. Ol perzentlerine g`amxor-mehriban a`ke, o`mirlik joldası Nazlımdı jan ta`ni menen su`yetug`ın u`lken hujdan, biyik ar-namıs iyesi. Avtor Qıdırdın` usınday insan sıpatında kelbetin bergen bolsa, rejisser da rol`di Uzaqbergenovqa bergende jan`ılaspag`an desek qa`te bolmas.

Nazlım rolin belgili aktrisa M.İsmaylova atqarg`an. Nazlım-Qıdırdın` o`mirlik joldası. Spektakl` Nazlımnın` dem alısqa keliwin, Qıdırdın` asıg`ıslıq penen ku`n sanap otırg`an saxnasınan baslang`an. Qıdırdın` su`yiushiligi, is ha`reketi, Nazlımg`a intizarlıg`ı tamashago`yler ta`repinen isenerli ha`m jıllı ko`z-qarasta qabıllanıp otıradı.

Nazlım bolsa dem alıstan ko`terin`ki ruwxta, aytıwg`a til jetkisiz shadlıqta qaytıp kelip, ku`yewi Qıdırdı xoshametleydi, onın` etken g`amxorlıg`ı, qarızlansa da qa`rejet tawıp emletkeni barlıq nawqaslarınan ayıg`ıp qaytqanın aytıp onın` menen qushaqlasıp ko`risedi…

Nazlımnın` xoshametlerinin` shın ju`rekten emes ekenligin zeyinli tamashago`yler an`lap otıradı.

A`lbette, saxnanın` birden-bir hu`kimdarı o`ner bolıp esaplanadı. Ol dramaturg pikirin ashıp beretug`ın, rejiserdin` sheshimlerine jan kirgizip tamashago`yler menen jekpe-jek, ju`zbe-ju`z qatnasta bolıp, og`an zawıq bag`ıshlaytug`ın, oylawg`a, pikir ju`rgiziwge ma`jbu`rleytug`ın da актёрлар.

Dramanın` bas qaharmanı-Nazlım. Waqıya so`zsiz do`geregine ja`mlestirilgen bolıwı kerek ha`m solay islengen de. Tamashago`ylerdin` tan`latatug`ın da jeri sonda- Nazlım orta jasta, balaları er jetip, ulı Armiyada xızmet etip, qızı erjetkenlik atestatın alar da`wirinde o`zinin` keshikken muhabatı-Da`wrandı tabadı. Bul muhabbat burın bolarmedi, ju`reginde buqqı taslap pursat baylap jatır eken.

Bul jag`ın bizge avtor da, rejiser da ashıp bermeydi. Tamashago`y dıqqatın`da tosattan shahmaq shaqqanday birden bolg`ang`a uqsamaydı, sebebi Da`wran (B.Nazarımbetov) Qıdırdın` dostısı, shan`arag`ı burınnan bar-keli, sıylasıg`ı bar adamlar. Keyinala Nazlım is-ha`reketleri, ju`rek tuyg`ıları, Da`wrang`a degen muhabatı shın ma`nisinde ekenin a`ste-aqırın tamashag`o`yge tu`sindirip baradı.

Nazlım qansha anasına jalbarınsa da, onın` zarın shıbın shaqqan da`rejede ko`rmeydi. Zayıbı Qıdır Nazlımdı jan-ta`ni menen su`ygenlikten, joldan qaytıwın jabılıwı qazan jabılıwınsha qalıwın, heshkimge heshqashan tis jarmaslıg`ın aytıp, erkek basın jerge ursa da Nazlımg`a ka`r etpeydi. Aydı etek penen jawıp bolmag`anınday anasının qılıqlarına shıdamag`an qızı Mehriyban, Nazlımnın` anası Aysha (T.Qayıpnazarova) menen a`kesi Turdıqulg`a (J.Sultabaev) bar haqıyqatlıqtı to`gip salıp, anası Ayshanı jer toqpaqlattı, a`kesi Turdıquldı jer tisletti. Olardın` muhabbat haqqında ulıwma tu`sinigi basqa adamlar, endi olar halıqtın` betine qalay qarap tik ju`rip jasay aladı. Olar ushın bul mashqala o`limnen de awır turadı. Bul jerde so`z oyını da sheberlik penen atqarıladı.

Aysha: - Ne bolıptı, u`stinen shıg`ıppa dese, g`arrısı Turdıqul: - yaq astınan shıqqan, dep qa`reken`e ta`n bolmag`an so`zdi ashıw u`stinde aytıp saladı. Nazlımnın` a`kesi Turdıqul qızının` u`yine awır halda keledi. A`kesi qızına pıshag`ın beredi, senin` bulay tik ju`rgenin`nen sag`an jerdin` astı maqul, degen g`a`pi edi a`kesinin`.

Al Nazlım bolsa olardın` ar-namısı, qızı Mehriybannın` jan ju`yesinen shıqqan shın`g`ırıg`ın ko`k tiyin shelli ko`rmey, qayta olardı o`zin tu`siniwge, eleberin tu`sinip ketiwine isendirmekshi boladı.

Shın muhabbatın keshigip bolsa da endi tapqanın, ol muhabbat degen naysap ju`regin mın` jerinen qaplap otırg`anın, tu`sinetug`ın birde adamnın` joqlıg`ına nalıydı. Zalg`a tamashagoylerge uran taslaydı. Onın` muhabbatın tu`singendey birew bolsa da quwatlawshı tayanısh ku`sh izleydi, tamashagoyler menen tikkeley aralasıp ketedi.

Da`wrannın` zayıbı Orıngu`l (artist-G.Jumaniyazova) Nazlımg`a kelip ko`p jıllıq qurdaslıg`ın, tatısqan duzın, o`tken tatıwlıg`ın ortag`a salıp «esin` barda etegin`di jap», dostım, dep jalınıp aytqan so`zlerin de qullaqa aspaydı. Sebebi, Nazlımxannın` keshikken muhabbatı qulag`ın geren`, ko`zin go`r qılıp, a`lle qashan Orıngu`l aytqan tuyg`ılardan jurday bolg`an edi.

Orıngu`l basqasha jol tuttı, ol o`zinin` Da`wranın kisige bermeytug`ın, o`z Da`wranı etip uslap qalıw ilajların qarastırdı ha`m xojalıg`ı buzılmawı jolların taptırdı. Avtor da, rejisser da, akter da bul jerde ata babalardan qalg`an «at aylanıp qazıg`ın tabar», «adasqannın` ayıbı joq, qaytıp u`yirin tapqan son`» naqıllarına a`mel qıldı. Orıngu`l nege men sol hayal islegen nazdı isley almayman, bir waqıtları erimdi erkeletken o`zim, ha`zir nege qolımnan kelmes eken, a`lle umıtıp kettin` be? Rastan da men eri tu`n`ilip taslap ketetug`ın qatıng`a aylang`anım ba? Xojalıqtın` wytqısı- qatın, o`resi-erkek ekenin bile tura men bul shan`araqtın` o`resinen nege ayrıldım?-degen sanı joq sawallarg`a juwap izlep, o`z-o`zine esap berdi. Na`tiyjede, Da`wran u`yine qayttı, Nazlımg`a bergen kewili, muhabbatı Da`wrannın` dostı Qıdırg`a qılg`an qıyametinen basqa hesh na`rse bolmay shıqtı. Bul awhal Nazlımnın` ju`regin ja`ne de tilkimlep u`sti-u`stine duz septi.

Ar-namısqa shıdamag`an Nazlımnın` anası Aysha jan tapsırdı. Onın` qayg`ısı keshikken muhabbat ha`sireti aldına tu`kke de turmaytug`ın, na`zerge de ilinbeytug`ın bir na`rse sıyaqlı bolıp qaldı.

Biz esitip-bilip ju`rgen muhabbatımız eki tu`rli boladı. Birewi-gu`l sawg`a etip, qosıq jazıp, ah urıp, arasında ko`z-jas ta to`getug`ın, biraq azı-kem qarsılıqqa ushırassa, ertektegi sherim etiktey qaq ayırılıp so`tilip ketedi. Al, ekinshisi-gu`l de ko`termeydi, ko`z jasın da to`kpeydi, qarsılıqqa ushırag`an sayın nıg`ayıp bara beredi.

Bunday muhabbatlardın` bir tilde, biri kewilde deydi. Birinshi muhabbatın` gu`l menen ko`z jasın alıp taslasan`, aq tawıqtın` muhabbatı boladı da qaladı.

M.İsmaylova bas rol`di og`ada ka`mine keltirip atqardı. Da`wrannın` muhabbatı aldamshı ekenin bilip jılap atırsa, zalda tamashago`yler arasında «haqqın`nan» degen ga`pler de esitilip turdı.

Nazlım obrazı jaratqan aktrisa sol rol`ge ju`da` berilip, jigerlenip, bar talantın iske salıp oynadı. Nazlımnın` ishki sırların ashıp berip, onı muhabbat qurbanı etip ko`rsete aldı. So`zlerdi ornı-ornında qollandı. Qanday jerde qanday so`zler aytılıwı keregin ba`rin aktrisa tamashago`ylerge tolıq jetkeredi. Ulıwma, spektal`de barlıq aktyorlar rol`lerin derlik orınlı atqardı. Zıyat-kem qozg`alıs payda bolmaydı.

Avtor Q. Ma`tmuratov temanı tın`nan jarıp, waqıyanı partawdan tapqan emes. Bul illet deymiz be, bizge aralasıp sin`isken Evropa ma`deniyatı deymiz be, qalay aytsaq ta, p`esa waqıyası bizin` bu`gingi turmısımızda az da bolsa ushırasıp turatug`ın waqıya. Ju`da` tan`lanıp jag`a uslag`anday jeri joq.

A`sirese, son`g`ı waqıtları muhabbat degen ila`hiy ku`shke iye so`z a`piwayı so`zler dizbegine kirip ketken sıyaqlı. Qosıg`ında muhabbat, su`yemen, ku`yemen, o`lemen, tamnan boyımdı taslayman degenlerdi jasıraq gezlerimizde baqsılar aytqan «G`a`rip ashıq» da`stanında Sa`nemnin` ko`shkiden G`a`riptin` u`stine o`zi taslag`anınan esitip edik, biraq ko`z benen ko`rgenimiz joq.

«Jazıwıshı-adam janının` injeneri» degen ga`p bar. İnjener texnikanın` nuqsanların aldın-ala bilgenlikten injener. Bul jerde avtor muhabbattın` keshigiw sebeplerin, baslanıw tiykarların muhabbattın` o`zi go`zlegen maqseti neden ibarat, onın` ne menen pitiwi kerek, bulardı ashıwg`a tamashago`ylerge jetkerip beriwge ha`reket etpegen. Qalg`an jag`ın tamashago`y oy-ta`rezisine salıp qaysı tası menen o`lshese o`z erkinde.

Muhabbattın` tiykarı qosılıw bolsa, onın` aqıbeti du`n`yag`a keletug`ın` perzentler emes pe? Ana muhabbatı azı-kem perzentlerge de bo`linbey me? Sebebin qarastırıp aqıbet penen jalg`astırıw kerek pe edi? Avtor da, rejiser da dramanı qaytadan ko`zden o`tkergeni jo`n bolar degen pikirdemiz.

Spektakl` haqqında juwmaqqa keletug`ın` bolsaq, go`jegin tawıp emizbey, manlayına tewip ketetug`ın qoyan atawılını ko`z aldımızg`a keltirip anası salg`an da`rtten ju`regi shekken zardabqa shıdamay Nazlımnın` qızı Mehriybannın` ashshı shın`g`ırg`an dawısı qulag`ımızda qalg`anın jasıra almaymız.

«Keshikken muhabbat» spektakl`nin` sa`tli shıg`ıwında avtor menen rejisserdın` miynetleri ten`dey. Ulıwma, ko`p jıllardan beri bunday spektakl`din` teatrımızda bolmag`anın jasıra almaymız.

G`a`rezsizlik jıllarında qaraqalpaq dramaturgiyasına salmaqlı u`les qosıp kiyatırg`an talantlı dramaturglerdin` biri Saylawbay Jumag`ulov bolıp esaplanadı. Onın` 1992-jılı «Adamlar qalay buzılg`an», 1993-jılı «Ku`yewin`di berip tur» atlı komediyaları Sapar Xojaniyazov atındag`ı jas tamashagoyler teatrında qoyılıp, tamashago`ylerdin` dıqqatın o`zine tarttı. Biz endi usı shıg`armalarg`a azı- kem pikir bildirip ketpekshimiz.

O`zbekstan xalıq jazıwshısı, belgili ku`lki so`z sheberi Sayd Axmad qaraqalpaqtın` belgili yumoristi Saylawbay Jumagulov haqqında «Mushtum» jurnalında «Qaraqalpaqta Saylawbay Jumagulov degen tu`p dese, tu`pirigi shayandı til tarttırmay o`ltiretug`ın, tili za`ha`rge aylanıp ketken yumorist shıg`ıp qaldı»,-dep biykarg`a aytpag`an eken.

Sapar Xojaniyazov atın`dag`ı Qaraqalpaq Ma`mleketlik jas tamashago`yler teatrında bul yumoristtin` «Ku`yewin`di berip tur» atlı bes ko`rinisli komediyası saxnag`a qoyıldı.

Komediyanın` qısqasha mazmunı to`mendegishe**:** Marjan atlı jas ilimpaz qız o`zinin` 30 jasqa shıqqanın o`z dosları menen belgilep atırg`anında, ku`tilmegen telegramma kelip qaladı. Qırg`ızstanlı dosları asıg`ıs salıptı, olar beri qarap qıdırıp qıdırıp kiyatırg`anın aytıptı.

Marjan qıyın bir jag`dayg`a tu`sip qaladı. Sebebi, bul qırg`ız doslarına-Manas ha`m G`umshag`a bir waqıtları sol jaqta dem alıp qayıtqanında «ku`yewge shıqqanman, u`yde ayday ku`yewim bar» dep maqtanıp aytıp salg`an edi. Ol kiyatırg`an qırg`ız doslarının aldında o`tirikshi bolg`ısı kelmeydi. Bul qıyın jag`daylardan qalay bolmasın shıg`ıw jolların qarastıradı. Bug`an u`yindegi tuwılg`an ku`nine qatnasıp atırg`an o`z dosları ja`rdemge keledi. Aqırı, ba`ri uzaq oylasıp, bir ta`wekelshilikke qol uradı. Qumarxan atlı kommertsiya menen shug`ıllanatug`ın qurdasının` ma`sku`nem ku`yewin waqıtsha eki-u`sh ku`nge sorap aladı.

Marjannın` qırg`ız dosları wa`desinde turıp onın` u`yine qıdırıp ta keledi. Bular keliwden qıyan-keski waqıyalar baslanadı. Su`wretler almasıp, sorap alg`an ku`yewi ku`tilmegen qızıqlı waqıyalarg`a u`sti-u`stine tap bola beredi.

Bul spektakl`din` ja`ne bir utıp turg`an jeri-ol tek bastan ayaq ku`lkige qurılmag`an. Birinshi ko`rinisten baslap komediya menen bir qatar elespesiz tragediya da a`ste rawajlana baslaydı. Yag`nıy, bul saxnalı shıg`armada tragediyalıq waqıyalar da o`z ko`rinisin tapqan.

Bul komediya tek qaraqalpaq tamashago`ylerdin` na`zerinen orın alıp qoymastan, O`zbekstan Respublikasının` Qashqadar`ya wa`layatındag`ı M.Tashmuxamedov atındag`ı dramalı teatrında saxnalastırılıp, o`zbek tilinde tamashago`ylerge qoyılıp berildi. Solay eken, Saylawbay Jumag`ulov qaraqalpaq a`debiyatında o`z ornı bar ha`m o`z tvorchestvosı arqalı qaraqalpaq dramaturgiyasında jetiskenliklerge iye jazıwshı bolıp tabıladı.

Saylawbay Jumag`ulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?» dramasının` ideyası adamlardın` ne sebepten buzılg`anlıg`ı haqqında emes, al adamdag`ı en` joqarg`ı ku`sh-hujdan haqqında. Yag`nıy, adamlar qanday tuxım jewinen biyg`a`rez, adamda hujdan degen sezim bolsa, a`lbette, ba`rin jen`ip shıg`adı.

Sonın` menen birge, adamlar arasındag`ı bir-birewge degen qarım-qatnas, muhabbatın` bekkem bolıwın, ha`rqanday oylamay islegen istin aqırı adamg`a dushpan bolatug`ınlıg`ın maqset etip qoyadı. Demek, dramaturg Saylawbay Jumag`ulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?» shıg`armasın dıqqat penen oqıp qarasaq, joqarıda aytılg`anday, jaqsılıq penen jamanlıq ortasındag`ı mawasasızlıq penen alıp barılg`an gu`resti ayqın sezip otıramız.

Adamzat payda bolg`an berli bar bolıp, o`z-ara keskin gu`resip kiyatırg`an bul eki ku`sh hesh waqıtta kelisimge kele almaydı.

Ko`pshilik jag`daylarda jamanlıq jen`iske erisedi. Biraq waqıtsha. Aqırg`ı waqıtta jaqsılıq jen`ip shıg`atug`ının ta`jiriybede de, ko`rkem shıg`armada da belgili.

Biraq Saylawbay Jumag`ulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?» shıg`armasında jaqsılıq jamanlıqtın` u`stinen keskin jen`iske erise almaydı, tek jen`iske degen

ha`reket, umtılıwshılıq seziledi. Adamlar jamanlıqqa qarsı gu`restin` jolın taba almay, Sulayman patshadan ma`det soraydı. Ol bolsa keskin bir ilaj ko`rmey, «Hujdanın`ızdı oyatın`lar!» dep saza beriw menen g`ana sheklenedi.

Konflikttin` bul sheshimi-professor Kamal Ma`mbetovtın` so`zi menen aytqanda «… avtordın` o`zi su`wretlep otırg`an o`mir shınlıg`ına shıg`arg`an hu`kimi. Adamlar arasındag`ı qarama-qarsılıq, talaslardın`, gu`reslerdin` pitiwi. Ha`r tu`rli ta`g`dirlerdin` tartısınan son`g`ı na`tiyje. Waqıyag`a qatnasıwshılardın` son`g`ı jag`dayı»,-dep qabıl etsek, onda Saylawbay Jumag`ulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?» dramasındag`ı konflikttin` sheshimi oqıwshı yamasa tamashago`ydin` o`z erkine qaldırılg`anın ko`remiz.

A`debiyat birinshi gezekte adamlar obrazın do`retetug`ın ko`rkem o`nerdin` bir tu`ri. Sebebi, ko`rkem shıg`armanın` en` baslı o`zegi de obraz bolıp esaplanadı. Obraz degenimiz-bul adamlardın` sın-sıpatı, oyı, minez-qulqı, xarakteri, a`detleri, bir-biren ajıralıp turatug`ın sıpatlı belgileri. Du`n`yada qanshadan-qansha adamlar bolsa, olardın` o`zine ta`n belgileri, qa`siyetleri bar. Barlıg`ı da ko`rkem obrazlarda berilgen. Obraz bolıw ushın da ta`sirli so`z, ku`shli sezim ha`m tawıp aytılg`an pikirler bolıwı kerek. Dramadag`ı obraz drama qaharmanlarının` ha`reketi tiykarında payda boladı.

Bul janr ha`m obraz qaraqalpaq a`debiyatında son`g`ı da`wirde payda bolıwına qaramastan, xalıqqa a`bden tanıs bolg`an dramalıq qaharman kelbetleri payda boldı.  Ma`selen, Bag`dagu`l, Aygu`l, Abat, Aysa`nem, A`wez, Tillaxan h.t.b.

Sonın` ishinde S.Jumagulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?» shıg`armasında da qaharmanlar obrazı ken` su`wretlenedi. Avtor Sulayman patsha obrazın du`n`yadag`ı barlıq tirishilik iyelerinin` tilin u`yrengen aqıllı, ko`p oqıg`an adam sıpatında ko`rsetse, al Ma`stan kempirdin` sırtqı ko`rinisin-shashı uwdar-duwdar, tisleri ketik, alba-dulba kiyingen, tu`ri qorqınshlı, ishki-keshirmeleri aytqanınan qaytpaytug`ın o`jet, dushpan, ha`mel ushın jan beriwge tayar adam ko`rinisinde su`wretleydi. Ha`tte onın` bul a`detleri, onın` so`ylegen so`zi, ha`reketlerinen sezilip turadı. Sonday-aq usınday unamsız tiplerdi Tıshqanbiyke, Jılanbiyke,

Tu`lkibiyke, Don`ız, Quyrıqsız maymıl obrazları menen su`wretleydi. Ma`selen, Tıshqanbiyke, minezleri o`zgermeli, ha`reketlerindegi jalbarınıw, jag`ımpazlanıp Ma`stan kempirge jaqsı ko`riniwleri ku`lkige alınadı.

Quyrıqsız maymıl o`zin haywanlar qatarına qospay, adamlar mennen do`regenge usag`an jalataylıq ha`reketi na`tiyjesinde quyrıqsız qaladı.

Shıg`armadag`ı bas wa`zir, birinshi aqılgo`y, ekinshi aqılgo`y obrazları ko`binese fol`klorlıq shıg`armalar-da`stan, erteklerde ko`plep ushırasadı. Sulayman patshanın` aqılgo`yleri aqılsızlıq etip, jamanlıq tuqımın joytıwg`a aqıl qoyg`an wa`depaz sıpatında su`wretlenedi. Solay etip, shıg`armada qaharman obrazı avtor ta`repinen sheber su`wretlengenligi, olardın` ha`reketine say do`retilgen obrazlar ekenligin ko`riwimizge boladı. Ulıwma aytqanda, belgili qa`lem iyesi Saylawbay Jumag`ulov o`zinin` «Adamlar qalay buzılg`an?» shıg`arması arqalı ja`miyetimizde son`g`ı jılları ko`beyip baratırg`an reyimzislik, jag`ımpazlıq, ashko`zlik, o`tirikshilik ha`m basqa da ko`plegen unamsız qa`siyetlerdi a`shkaralap, olardın` tamırına balta urıwg`a ha`reket etedi. Biraq shıg`armada dıqqat awdaratug`ın bir fakt bar. Sulayman patsha adamlarg`a bir-birden jaqsılıqtın` tuxımın jegizip bolıp o`zi ketip qaladı. Endi qaran`-usı tuxımdı ha`mmeden burın jegen bas wa`zir, eki aqılgo`yi, u`shewi taxtqa talasıp qaladı. Demek, sen jaqsılıqtın` tuxımın qansha jeyber, ar-namıs, hujdanın` bolmasa, paydası joq degen ideyanı beredi.

Adamnın` jaqsı yaki jaman bolıwı en` da`slep shan`araqtag`ı ta`rbiyag`a, en` baslısı adamlardın` hujdanına baylanıslı.

Sonın` ushın da shıg`armanın` son`ında Sulayman patsha adamlarg`a o`z hujdanların oyatıwg`a buyıradı. Sonda g`ana insan hujdan arqalı o`zine durıs, tuwrı jol tan`laydı. Du`n`yada hesh bir jamanlıq, iplaslıqtan qorıqpaytug`ın bir na`rse bar. Ol-insan boyın qamtıg`an hujdan sezimidur. Hujdan adam-qanına aralasıp ketken jamanlıqlar ha`m iplaslıqlardı joq etiwge qu`diretli. Demek, insan o`z hujdanına qulaq salıp, onı teren` an`lay biliwi kerek, orınlay alıwı kerek, tek g`ana hujdanlı, onın` buyrıg`ına a`mel qılatug`ın insanlar g`ana ullı maqsetlerge erise aladı.

Saylawbay Jumag`ulovtın` «Adamlar qalay buzılg`an?» shıg`arması, mine, usınday o`zinin` ta`rbiyalıq a`hmiyetli jag`ınan da oqıwshılar ta`repinen jaqsı bahalandı ha`m unamlı dep tabılg`an shıg`armalardan esaplanadı.

# Juwmaq

Biz «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atlı bul pitkeriw ka`niygelik jumısımızda usı da`wir dramaturgiyasındag`ı, tu`pkilikli o`zgerislerge, janrlıq-formalıq izlenislerge, dramaturgiyanın` rawajlanıwının` tiykarg`ı bag`darına, usı da`wirlerde dramaturgiyada do`retiwshilik miynet etken J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, T.Seytjanov, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Qayıpbergenov, Q.Matmuratov, O.Abdiraxmanov, M.Nızanov, S.Jumag`ulovlardın` baslı do`retpelerine tallaw islep, to`mendegidey juwmaqlarg`a keldik.

1. XX a`sirdin` ekinshi yarımı qaraqalpaq dramaturgiyasına sınaqlı reformalardı alıp keldi. Dramaturgiyada original do`retpelerge ko`birek dıqqat awdarılıp, onın` tematikalıq diapazonı da zaman ruwxına say jan`ara basladı. Tariyxıy-revolyutsiyalıq temadan tariyxıylıqqa, tariyxıylıqtan tariyxtın` «aq daqların»-so`ylenbegen betlerin so`yletiwge, zamanago`y temalardı teren`irek su`wretlewge, repressiya qurbanları o`mirinin` sırlı betlerin ashıp beriwge bet burdı.

Dramaturgiyada jan`a janr, jan`a formalar payda bola basladı. O`tkendegi ata-babalarımızdın` azatlıq, el-xalıq baxtı ushın alıp barg`an gu`reslerin sa`wlelendiretug`ın T.Qayıpbergenovtın` «Aydos baba» («Mın` tillag`a tigilgen gelle») sıyaqlı iri polotnolıq tragediyaları payda boldı. Jazıwshı T.Qayıpbergenov bul shıg`armasında haqıyqıy dramaturg T.Qayıpbergenovqa aylanıp, Aydos obrazın prozadag`ı Aydos obrazınan da quramalı ha`m qarama-qarsılıqlı etip, dramatizmge tolı ta`repleri menen haqıyqıy realistlik jobada ko`rkem etip gewdelendirip bere aldı, Aydos xarakterinin` prozada ashılmay qalg`an ayırım sıpatlı belgilerin dramalıq formada sheber etip ashıp berdi.

2. Ha`zirgi qaraqalpaq dramaturgiyası izleniw jolında. Bul ko`pshillik sınshılarımız aytıp atırg`anınday «artta qalıp qoydı, rawajlanıw joq!» degen pikirge ulıwma jantaspaydı. O`zbek xalıq jazıwshısı A`dil Yakubov aytqanınday**:** «Sınshılar, geyde tamashago`yler dramaturgiyanı o`ldi, endi saxna shıg`armaları

jazılmaydı» degen pikirdi aytpaqta. Bul ga`plerge isenben`. Durıs, salmaqlı, iri zamanago`y aktual` mashqalalardı ko`terip saxnag`a alıp shıqqan shıg`armalar joq desek te boladı. Bunın sebebi de bar. Nege desen`, dramaturgiya qıyın janr. Romanda aytılatug`ın pu`tkil waqıyanı bir-eki saatta ko`riletug`ın spektakl`de ko`rsetip beriw an`sat emes». Sonda da bul an`sat bolmag`an a`debiyattın` drama janrına qol urg`an jazıwshı, shayır, jurnalistlerimiz de barshılıq. Biraq olardın` jazıp pitkergen saxnalıq shıg`armalarının` barlıg`ın haqıyqıy dramaturgiya da`rejesine jetisken do`retpe dep aytıw ya aytpaw, og`an tiyisli sın ha`m baha beriw, tek olardın` saxna ju`zin ko`rip, tamashago`yler ıqtıyarına usıng`annan keyin g`ana a`melge asırıladı».

Haqıyqatın aytqanda, bizde jaqın ku`nlerge shekem teatr jergilikli dramaturgler menen birge islesiwge onsha qızıqpadı. Ko`binese basqa respublikalardın` dramaturgleri do`retken p`esalardan awdarmalar saxnalastırıw da`stu`rge aynalıp ketken edi. A`lbette, ko`plegen teatrlardın` saxnasın ko`rgen, redaktorlawdan, du`zetiwlerden, ko`p g`ana sınawlardan o`tken p`esalardı saxnalastırıw an`sat ha`m onsha ku`sh talap etpeydi. Biraq, biz ko`rkem o`nerdin` bir bo`legi bolg`an teatrda alıp barılatug`ın jumıslarımızdın` jen`il jolın qıdırıwdan ko`re, qıyın bolma da paydası ko`birek tiyetug`ın bizin` respublikamızdın` dramaturgiyasının` rawajlanıwına ja`rdem beretug`ın jolların izlep tabıwımız kerek.

Son`g`ı jıllarda bizin` a`debiyatshılarımız da, teatr ja`ma`a`tleri de o`z u`stilerinde jemisli islep, azı-kem jetiskenliklerge eristi. Ha`tteki, basqa ma`mleket, basqa respublikalarda da o`z tamashago`ylerine iye boldı. Mısal etip aytatug`ın bolsaq, satirik jazıwshılar M.Nızanov ha`m S. Jumag`ulovlardın` do`retpeleri.

M.Nızanovtın` «Eki du`n`yanın` a`weresi» komediyalıq shıg`arması da`slep o`zimizdin` ma`mleketlik teatrımızda **1991**-jılı No`kiste du`n`yag`a kelgen bolsa, bul estafetanı **1994**-jılı rejisser M.İslamqulov qolg`a alıp, Tashkenttegi Hamza atındag`ı ha`zirgi o`zbek Milliy akademik teatrında saxnalastırdı. Al, son`ınan A`ndijan teatrında o`zbek tilinde o`z o`mirin dawam ettirdi.

Sonday-aq, dramaturg S.Jumag`ulov ta tek bizin` u`lkemizde emes, qon`sılas respublikalar tamashago`ylerine, teatr sınshılarına da ko`birek tanıla basladı. Eger avtordın` dramaturgiyalıq shıg`armalarına na`zer awdaratug`ın bolsaq, onın` S.Xojaniyazov atındag`ı Jas tamashago`yler teatrında «Ekstrasens», «Ku`yewin`di berip tur», «Adamlar qalay buzılg`an?», A`.Xalimov atındag`ı Xojeli xalıq teatrında ha`m Qaraqalpaqstan televideniesinde saxnalastırılıp qoyılg`an «Bultlı ku`nler» p`esaları ken` ja`miyetshiligimiz ta`repinen jaqsı ku`tip alındı.

Biz joqarıda aytıp o`tkenimizdey, onın` ayırım p`esaları qon`sılas respublikalarda da saxnalastırıldı. Onın` «Ekstarsens» komediyası **1998**-jılı Tu`rkmenistanda zor qızıg`ıwshılıq penen tamashalandı. Bul jemisli jumıs ushın dramaturgimiz sol jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Jazıwshılar awqamı sıylıg`ının` laureatı atag`ın alıwg`a miyasar boldı.

Bul komediyanı tu`rkmen klassigi Seytnazar Seydi atındag`ı ma`mleketlik Chardjow muzıkalı teatrında rejisser Murad Hakimov saxnalastırqan bolsa, bas rol`de Bayram Qudayberdiev oynag`an.

A`lbette, jaqsı shıg`arma o`z barar jolın ha`m diydelegen ma`nzilin anıq tabadı. Usınday ma`nzildin` biri-Qashqada`r`yadag`ı M.Toshmuhamedov atındag`ı muzıkalı drama teatrı boldı. Endi ol jerde avtordın` ja`ne bir komediyası, yag`nıy «Ku`yewin`di berip tur» atlı komediyası saxnalastırılıp, o`zbek tuwısqanlarımız ta`repinen jaqsı ku`tip alındı.

Mine, usı ko`rinis ha`m mısallardın` o`zi bizin` milliy dramaturgiyamızdın` rawajlanıwı ha`m jetiskenliginen guwalıq berip turg`an joq pa?!

Sonday-aq, talantlı dramaturg Q.Ma`tmuratov haqqında da aytıp o`tiwge tuwra keledi. **80**-jıllarda-aq bul dramaturgtin` qa`demleri birden ko`zge taslang`an edi. Usı ku`nge deyin Qaraqalpaq ma`mleketlik Berdaq atındag`ı sazlı teatr, S.Xojaniyazov atındag`ı Jas tamashago`yler ha`m Ma`mleketlik Quwırshaq teatrlarında onın` ko`plegen shıg`armaları saxna ju`zin ko`rip, dramaturgiyamızdın` rawajlanıwına u`lken u`les qosqan avtorlardın` biri ha`m ha`zirgi ku`nleri de tınbay izleniwde. Onın` «Bir u`yde eki o`mir» (rejisser A. Sharipov), Sh.Seytovtın` «Xalqabad» romanı tiykarında jazılg`an «Qutlı jol»

drama-instsenirovkası (rejisser B.Baymurzaev), «O`mirbek ha`m Tazsha» komediyası (rejisser B.Nazarımbetov), «Aq tekesh ha`m ko`k tekesh» (rejisser R.To`reniyazov), «Sha`r`yar» da`stanı tiykarında jazılg`an draması (rejisser B.Baymurzaev) ha`m de «A`keli jetimler» (rejisser Q.A`bdreymov) tragediyası ha`m «Eger muhabbat keshikse» dramaları ja`miyetshiligimizge usınılıp, o`zinin` unamlı bahaların aldı.

B.Baymurzaev son`g`ı jılları iri-iri saxnalıq shıg`armalardı saxnalastırıwshı rejisser sıpatında emes, al dramaturg sıpatında da tanılıp kiyatır. Usı ku`nge deyin onın` eki u`lken shıg`arması «Ba`dduwa» (**2000**-jıl) ha`m «Pa`lektin` ga`rdishi» (**2001**-jıl) atlı dramaları u`lken saxnada, ma`mleketlik teatrımızda qoyıldı. Ko`p uzamay Tashkent qalasının` bir qatar akademiyalıq teatr saxnalarında qoyılıp, O`zbekstan televideniesi arqalı da ko`rsetildi. Bul dramalarda insaniylıq tuyg`ıları menen ha`r tu`rli xarakterlerdin` shan`araqta, ja`miyette tutqan ornı, adam o`mirindegi bilip-bilmey islegen gu`naları, qa`teshilikleri arqalı qaharmanlar obrazı ko`z aldın`a keledi ha`m ıqtıyarsız ra`wishte bul waqıyalardı tamasha etip atırıp, o`zin`iz de sonın` bir qatnasıwshısı bolıp qalg`anızdı sezbey qalasız.

K.Raxmanovtın` son`g`ı jıllarda do`retken dramasının`, yag`nıy «Ta`g`dir soqqısı» atlı shıg`armasıda dıqqıtqa ılayıq dep aytamız.

Son`g`ı jıllarda dramaturgiyamızdın` rawajlanıwına u`les qosıp kiyatırg`an sheber dramaturglerimizdin` biri Ayladur O`tewliev bolıp tabıladı. Ol ko`binese tariyxıy drama do`retiw u`stinde jumıs isleydi. Usı ku`nge shekem onın` «Ernazar alako`z», «A`mir Temirdin` bir ku`ni», «Sultan Ja`llaladdin» atlı dramaları baspa so`zde o`zbek, qazaq ha`m qaraqalpaq tillerinde jarıq ko`rdi. Onın` «Sultan Ja`llaladdin» tariyxıy draması S.Xojaniyazov atındag`ı Jas Tamashago`yler teatrının` repertuarına qabıllanıp, prem`erası bolıp o`tti.

Dramaturg bul p`esasında bas qaharmanlar xalıqqa, al bas ideya-tuwılg`an jerge, Ana-Watang`a muhabbat sezimleri ku`shli su`wretlengenin ko`riwge boladı. Bul p`esalardın` barlıq epizodlarında Prezidentimiz İ.A.Karimovtın` aytqan pikirlerin iske asırılıp atırg`anlıg`ının` guwası bolamız. Ayırım monologlarda «El ushın, xalıq ushın, janıp jasaw», «Tu`rkstan-ortaq u`yimiz» ha`m tag`ı da basqa

so`zlerin shaqırıqların ushıratıwg`a boladı. Bul p`esalardın` bas qaharmanları bolg`an Sultan Ja`llaladdin, A`mir Temir ha`m Ernazar alakoz xarakterleri, islegen isleri bir-birin baylanıstırıp turg`anday. O`ytkeni, ha`r bir qaharman azatlıq ushın gu`reske, biradarlıqqa, a`dalatlıqqa ha`m doslıqqa shaqıradı.

Dramaturgtin` bul shıg`armaları elimizdin` g`a`rezsizligin jırlawı menen birge onın` ideyalarında alg`a su`redi. Keleshek a`wladtı xalıq batırları ha`m ata-babalarının` ma`rtlikleri menen tanıstıradı.

## PAYDALANILGAN A`DEBİYATLAR:

### I. Metodologiyalıq-siyasiy a`debiyatlar

1. Karimov İ. Joqarı ma`na`wiyat – jen`ilmes ku`sh.-Tashkent: Ma`naviyat, 2008.
2. Karimov İ. Adabietga e`tibor – ma`naviyatga, kelajakga e`tibor.-Toshkent: 2009.
3. Karimov İ. Uzbekiston mustaqillikga erishish ostonasida.-Toshkent: Uzbekiston, 2011.

### II. İlimiy-teoriyalıq, a`debiy-ko`rkem a`debiyatlar (Monografiyalar, maqalalar, ko`rkem shıg`armalar)

**1.** Aytmuratov D. Aqmaqlıq du`n`yasında. («Yalg`anshının` isi»).-No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1990**.
**2.** Ayımbetov Q. Qaraqalpaq dramaturgiyası tariyxının` ocherkleri. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1963**.
**3.** Allambergenov K. XX a`sirdin` **60-80**-jıllarındag`ı qaraqalpaq a`debiyatı. -No`kis**:** NGPİ kishi tipografiyası, **2003**.
**4.** Allambergenov K. Ha`zirgi a`debiy jo`nelis. -No`kis**:** NGPİ kishi tipografiyası, **2004**.
**5.** Allanazarov T. Qaraqalpaq teatrı. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1966**.
**6.** Allanazarov T. Teatr ha`m dramaturgiya. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1979**.
**7.** Allanzarov T. Qaraqalpaq dramaturgiyasının` ma`seleleri. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1987**.
**8.** Allayarov S. Mırzag`aliy Da`ribaevtin` tvorchestvosı. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1978**.
**9.** Axmetov S. Qaraqalpaq a`debiy sını.-No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1992**.
**10.** Ma`jiytov S. Shıg`armaları. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1993**.
**11.** O`tepov A`. Tan`lamalı shıg`armaları. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1965**.

**12.** Sultanov Q. Jazıwshı-dramaturg. -No`kis**:** Qaraqalpaqstan, **1984**.

**13.** Paxratdinov A`., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxı. Bakalavr jo`nelisi ushın sabaqlıq.-No`kis: Qaraqalpaqstan, 2011.

**14.** Tursunov B. Dramaturgiya ha`m teatrımızdın` ma`seleleri (Maqalalar jıynag`ı).-No`kis: Qaraqalpaqstan, 1988.

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV b kurs talabası Qayıpnazarova Sarbinazdın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

**PİKİR**

XX a`sirdin` ekinshi yarımı qaraqalpaq dramaturgiyasının` barlıq janrlıq formalarda bayıp tolısıp joqarı ko`rkemlik sheklerdi iyelep o`z rawajlanıwının` joqarg`ı basqıshına jetisken da`wiri boldı. Bul da`wirge kelip dramaturgiya, birinshiden, saxnalıq professional sheberliklerge ken`nen erisken bolsa, ekinshiden, milliy original p`esalardı ko`plep saxnalastırıwg`a tiykarg`ı dıqqattı awdara basladı. Qala berdi, 60-90-jıllarda dramaturglerdin` qatarı P.Tilegenov, D.Aytmuratov, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Seytjanov, T.Qayıpbergenov, K.Raxmanov, Q.Ma`tmuratov, O.A`bdiraxmanov, M.Nızanov, S.Jumag`ulov, A.Sultanov sıyaqlı jan`a atlar menen tolısıp bayıdı. P.Tilegenovtın` «Ko`len`ke»(«Hujdan»), D.Aytmuratovtın` «Pirqaqqan», T.Jumamuratovtın` «Qızlar ha`zili», İ.Yusupovtın` «A`jiniyaz», K.Raxmanovtın` «Kelin», «O du`n`yag`a mirat», Q.Ma`tmuratovtın` «Bir u`yde eki o`mir», T.Qayıpbergenovtın` «Familiya» drama, komediya, tragediya, librettoları usı 60-90-jıllar dramaturgiyasının` en` jaqsı tuwındılarınan esaplanadı.

Haqıyqatında da**, 60-90**-jıllarda qaraqalpaq dramaturgiyası haqıyqıy professional`lıq da`rejege o`sip o`tti. Jazıwshı shayırlar arasınan dramaturgiya menen shıntlap shug`ıllanıwshı J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, T.Seytjanov, P.Tilegenov. D.Aytmuratov, K.Raxmanov sıyaqlı belgili dramaturglerdin` qatarına O.A`bdiraxmanov, M.Nızanov, Q.Ma`tmuratov, S.Jumag`ulov sıyaqlı talantlı jaslar kelip qosıldı. Drama janrı qaraqalpaq a`debiyatında barlıq formalıq o`zgeshelikleri menen ko`rinis taba basladı.

Biraq biz «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» dep atalatug`ın bul pitkeriw qa`niygelik jumısımızda dramaturgiyamızdın` basıp o`tken tutas bir a`sirlik tariyxıy jolın talqılawdı maqset tutpadıq, tek g`a`rezsizik da`wirine deyingi dramaturgiya tariyxına qısqasha sholıw isledik. Ondag`ı maqset-g`a`rezsizlikke deyin dramaturgiyamız qanday jag`dayda edi, g`a`rezsizlik da`wirinde qanday boldı, g`a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyasının` sıpatlı belgileri nelerden ibarat degen sorawlarg`a juwap beriw bolg`an.

Bul, a`lbette, dramaturgiyanın` o`tmishi menen bu`ginin salıstırıp izertlew kerek degen so`z.

Usı maqsetine erisiw ushın S.Qayıpnazarova jumıstı to`mendegidey tiykarg`ı eki bapqa bo`lip u`yrengen:

1. XX a`sirdin` 60-80-jıllarındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyasının` rawajlanıw jolları

2. G`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq dramaturgiyasının` ideyalıq-ko`rkemlik o`zgeshilikleri (90-jıllar).

Jumıs bul baplardan tısqarı kiris, juwmaq bo`limler ha`m paydalang`an a`debiyatlardan ibarat .

Jumıstın` Kiris bo`liminde dramaturgiyamızdın` g`a`rezsizlik da`wirine deyingi tariyxına qısqasha sholıw isleniw menen birge, jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları belgilenedi, izertleniw da`rejesi, temanın` aktuallıg`ı, jan`alıg`ı, a`meliy qunlılıg`ı ma`seleleri so`z etiledi.

A`lbette, qaraqalpaq a`debiyattanıw ilimi XXI a`sirge deyingi dramaturgiya tariyxı boyınsha ko`p izertlewerge iye. Atap aytsaq,
T.Allanazarov, T.Bayandiev, A`.Nasrullaev, Q.Sultanov, S.Allayarovlardın` miynetlerinde dramaturgiyamızdın` XX asirdin` 60-jıllarına deyingi ha`r qıylı mashqalaları so`z etiledi. Biraq, bul miynetlerde 60-90-jıllardag`ı dramaturgiya haqqında arnawlı pikirler bildirilmegen. Bul jag`ınan S.Qayıpnazarovanın` pitkeriw qa`nigelik jumısı usı da`wir dramturgiyasın sistemalı izertlewge bag`ıshlang`an birinshi arnawlı jumıs bolıp tabıladı.  Jumısıtın` qunlılıg`ı, jan`alıg`ı da, mine, usında.

Usı ta`repleri menen bul pitkeriw qa`nigelik jumısı a`meliyatta da u`lken a`hmiyet tutarı so`zsiz.

Ulıwma, S.Qayıpnazarovanın` bul pitkeriw qa`nigelik jumısı mazmunlı, sawatlı jazılg`an, MAK talaplarına tolıq juwap beredi. Sonlıqtan onı tolıq pitken ha`m jaqsı jazılg`an jumıs sıpatında biyma`lel jaqlawg`a usınıs etiwge turarlıq dep juwmaq shıg`arıwg`a boladı.

İlimiy basshı: K.Allambergenov, filologiya ilimlerinin` doktorı, professor, QR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV b kurs talabası Qayıpnazarova Sarbinazdın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

**PİKİR**

Pitkeriwshi Saribnaz Qayıpnazarovanın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atlı bul pitkeriw ka`nigelik jumısında usı da`wir dramaturgiyasındag`ı, tu`pkilikli o`zgerislerge, janrlıq-formalıq izlenislerge, dramaturgiyanın` rawajlanıwının` tiykarg`ı bag`darlarına, usı da`wirlerde dramaturgiyada do`retiwshilik miynet etken J.Aymurzaev, S.Xojaniyazov, P.Tilegenov, T.Seytjanov, T.Jumamuratov, İ.Yusupov, T.Qayıpbergenov, Q.Matmuratov, O.Abdiraxmanov, M.Nızanov, S.Jumag`ulovlardın` baslı do`retpelerine ken` tu`rde tallawlar islengen.

Haqıyqatında da, XX a`sirdin` ekinshi yarımı qaraqalpaq dramaturgiyasına sınaqlı reformalardı alıp keldi. Dramaturgiyada original do`retpelerge ko`birek dıqqat awdarılıp, onın` tematikalıq diapazonı da zaman ruwxına say jan`ara basladı. Tariyxıy-revolyutsiyalıq temadan tariyxıylıqqa, tariyxıylıqtan tariyxtın` «aq daqların»-so`ylenbegen betlerin so`yletiwge, zamanago`y temalardı teren`irek su`wretlewge, repressiya qurbanları o`mirinin` sırlı betlerin ashıp beriwge bet burdı.

Dramaturgiyada jan`a janr, jan`a formalar payda bola basladı. O`tkendegi ata-babalarımızdın` azatlıq, el-xalıq baxtı ushın alıp barg`an gu`reslerin, ko`rkem so`z ha`m ilim-ikmet iyeleri bolg`an tariyxıy tulg`alardın` mashaqatlı o`mirlerin sa`wlelendiretug`ın J.Aymurzavetın` «Berdaq», T.Qayıpbergenovtın` «Aydos baba» («Mın` tillag`a tigilgen gelle»), T.Seytjanovtın` «Beruniy», A.Sultanovtın` «Doxmet» sıyaqlı iri polotnolıq tragediya ha`m dramaları payda boldı.

Bul da`wirde dramaturgler qatarına K.Matmuratov, M.Nızanov, S.Jumag`ulov usag`an jas dramaturgler kelip qosılıp, olar saxna repertuarların

«Nıqap», «Bir uyde eki o`mir», «Ekstrasens» sıyaqlı zamanago`y temadag`ı jan`a drama-komediyalar menen bayıttı.

Pitkeriwshi S.Qayıpnazarovanın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı joqarıda atalg`an da`wir dramaturgiyasının`, mine, usınday a`hmiyetli mashqalaların u`yreniwge bag`ıshlang`an.

Jumıs Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`lken eki bapqa bo`lip u`yrenilgen.

Birinshi barpta qaraqalpaq dramaturgiyasının` 60-80-jıllardag`ı o`siwshiligi ulıwmalıq sholıw bag`darında talqılansa, ekinshi bapta 90-jıllardag`ı “a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyası milliy g`a`rezsizlik ideyaları ko`z-qarasınan jan`asha talqı islenedi.

Solay etip, jumısta XX a`cirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyasının` rawajlanıwının` tiykarg`ı bag`darları boyınsha durıs tiyisli juwmaqlar jasalıng`an.

Juwmaqlap aytqanda, pitkeriwshi S.Qayıpnazarovanın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı bul pitkeriw qa`nigelik jumısı MAKtın` pitkeriw qa`nigelik jumısları aldına qoyg`an talaplarına tolıq juwap beredi. Jumıs ilimiy-teoriyalıq jaqtan teren` ha`m mazmunlı jazılg`an. Sonlıqtan onı pitken jumıs sıpatında joqarı bahalawg`a tolıq boladı.

**F.Salaev, Berdaq atındag`ı Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti o`zbek filologiyası kafedrasının` dotsenti, filologiya ilimlerinin` kandidatı, O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamı ag`zası**

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV b kurs talabası Qayıpnazarova Sarbinazdın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

**PİKİR**

Pitkeriwshi S.Qayıpnazarovanın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı bul pitkeriw qa`nigelik jumısı qaraqalpaq dramaturgiyasının` og`ada bir a`hmiyetli ma`selelerinin` birine bag`ıshlang`an. Jumısta qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıw jolına tu`sip, en` bir kamalatqa jetken da`wirleri bolg`an XX a`sirdin` 60-90-jıllarına ken` tu`rde ilimiy-teoriyalıq, a`debiy-ko`rkem estetikalıq tallawlar islenip, usı da`wirlerdegi qaraqalpaq dramaturgiyasının` basıp o`tken jolları (evolyutsiyası), ondag`ı baslı tendentsiyalar menen ju`z bergen a`debiy-ma`deniy qubılıslar, olardın` o`zgeshelikleri, ko`rkemlik sıpatları anıq tariyxıy-a`debiy derekler mısalında ko`rsetip beriledi. Mısalı, onın` birinshi babında g`a`rezsizlikke deyingi g`a`rezsizlik ruwxındag`ı dramalıq shıg`armalar tallaw islense, ekinshi babında g`a`rezsizlik da`wirinde do`regen T.Qayıpbergenovtın` «Aydos baba», A.Sultanovtın` «Bir uwız topıraq» («Doxmet»), M.Nazanovtın` «Nıqap», S.Jumag`ulovtın` «Ekstrasens» sıyaqlı tragediya-komediyaları ilimiy tallawg`a tartıladı.

Jumıs Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`lken eki bapqa bo`lip u`yrenilgen.

Birinshi barpta qaraqalpaq dramaturgiyasının` 60-80-jıllardag`ı o`siwshiligi ulıwmalıq sholıw bag`darında talqılansa, ekinshi bapta 90-jıllardag`ı “a`rezsizlik da`wiri dramaturgiyası milliy g`a`rezsizlik ideyaları ko`z-qarasınan jan`asha talqı islenedi.

Jumıs usınday jan`a ta`repleri menen qaraqalpaq dramaturgiyasın izertlew jumıslarına az da bolsa qosımsha bereri so`zsiz.

Ulıwma, Qayıpnazarova Sarbinazdın` «XX a`sirdin` ekinshi yarımındag`ı qaraqalpaq dramaturgiyası rawajlanıwının` baslı bag`darları» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısın joqarı bahalay otırıp, onı pitken jumıs sıpatında MAK talaplarına tolıq juwap beredi, dep juwmaq jasawg`a boladı.

**A.Utambetova, A`jiniyaz atındag`ı NMPİ Milliy ideya, ruwxıylıq tiykarları ha`m huqıq ta`limi kafedrası ag`a oqıtıwshısı, filologiya ilimlerinin` kandidatı**